ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ ЫЫДОКІ

№151 (21.059) ● 2007 гъэм шыщхьэІум (августым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Зэпыщіэныгъэхэр

Къанокъуэ Арсенрэ Лисицын Анатолийрэ я пресс-конференц.
Сурэтыр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

Зэдэлэжьэныгъэм и мызакъуэу, лъэпкъхэм я зэхущытыкІэри егъэфІэкІуэн

Вэсэмахуэ, щыщхьэІум и 2-м, КЪБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Ярослав областым и губернатор Лисицын Анатолийрэ Іэ щытрадзащ сатуэкономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм щыгъэдэлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

- ЯРОСЛАВобластымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпыщІэныгъэ зэрызэхуаІэрэ куэд щІащ. Абы лъабжьэ хуэхъуащ 1992 гъэм Іэ зытрадзауэ щыта зэгурыІуэныгъэу зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теухуэр. 1997 гъэм мэкъуаупхъуэм и 21-м Іэ щІэзадзащ лъэныкъуитІым я сэбэн зыхэлъ Іуэхугъуэхэр экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социальнэ Іэнатіэхэм щыпхыгъэкІыным тещІыхьа зэгурыІуэныгъэ зыубгъуам, - жиІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, зэІуэщІэр къыщызэІуихым. - 90 гъэхэр рынок зэхущытыкІэхэр щызэфІэуэв лъэхъэнэ гугъуу щытащ. А илъэсхэм мыхьэнэшхуэ иІэт Урысей Федерацэм и субъектхэм я сэбэн зыхэлъ зэхущытыкІэхэм зегъэужьыным. Абы лъандэрэ куэдым зихъуэжащ, Урысейм и экономикэми нэхъ зэпІэзэрыту зеужь. Иджырей ди зэгурыІуэныгъэу Іэ зытеддзэнур нэхъ зыубгъуауэ, Іэнатіэ куэд къызэщІуидыдзу зэхэдгъэуващ. ЛъэныкъуитІми ди зэдэлэжьэныгъэр нэхъ зытедгъэщІэну ди мурадыр, промышленностырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэу щыта оборонн заводхэм къэрал заказхэр къомэщІэкІ, абыхэм я лэжьыгъэр зэтраублэжьын папщІэ зи сэбэн хэлъ лъэныкъуэхэр кьеПэлІэн хуейщ. Ярослав областыр къашцтэмэ, авиадвигателхэм, электроникэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къыщІэгъэкІыным хуэныкъуэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, зыхуэфащэ ІэщІагъэлІхэри Іуэхум хэлъмэ, щытыкІэр зрагъэлъагъуу, КъБР-м и иджыпстуу щыІэ промышленнэ проектхэм ящыщу къеэгъыр къыхахыну, лъэныкъуитІми ди сэбэн зыхэлъхэм дыщыздэлэжьэну си гуапэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Зэ1ущІэхэр

Властыр нэхъ зэІухауэ щытыпи хуейщ

«РЕСПУБЛИКЭМ зэхьэуэкІынигъэ ин дыдэхэр щокІуэкІ, Урысейм иджыпстуэ зы щІыпІи иІэкым Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэу зыубгъуауэ гъэгугъэр, унэхэр щахуэуу, зэІуэзэпщ щащІу. ИльэситІ иримыкъупэ зэманым къриубыдэу япэкІэ фІыуэ дыкІуэтащ - дэ тщы-Іэщ а псори уэ ебгъэкІуэкІ лэжьыгъэ иным зэриІэужьыр», - апхуэдэ псалъэхэмкІэ КъБР-м и Президентым зыщыхуигъэзащ жылагъуэ-чэнджэщакІуэ совету Президентым деж щыІэм и ЗэзыгъэуІуэ комитетым и зэІуэщІэм, а советым щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Черкесов Георгий. Абы къыгъэльэгъуащ «зи фэм имыхуэж национализтхэр» властым зэран хуэхьуну зэрыхущІэжъур, КъБР-м и унафэщІхэм кьыхалъхьа инвестицэ проектхэр гъэзэщІа хьумэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ игъэзытыну зэхьэуэкІынигъэфІхэр кьагурымыІуэу.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Тэрч куейм

Гъаз гъэгъыгъыщІэхэр хъзырщ

Республикэм и мэкъумэщ хозяйствэхэм кьраухьэлІэж гуэдзыр гъавэ хъумапІэхэм ирашалІэ.

МЭКЪУМЭЩЫЩІЭХЭР кьегъэпІащІэ дунейр ямылейуэ зэрыхуабэм. Тэрч элеваторыр а Іуэхум сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзырхэм ящыщщ: зыхуей-зыхуэфІхэр и чэзум зэрагъэпэщыжащ, гъавэр зыщІалъхьэну гъущапІэхэр ягъэкъэбзащ. Побэ нэхьыбэу элеваторхэм я Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпыр бэджэндырыпажьэхэрщ. ЛъэныкъуитІми зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм ипкъиткІэ, ягъэтІылъ гъавэм и процентри 4-р элеваторым кьыхуонэ. Гъавэ хъумапІэм и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ продукцэр зейм кІэрыхуншэу зэрыхуахьумэным.

Гуэдзым кьыкІэлъыкІуэнущ нартыхур. Зэман кІэщІы щхьрыбыдзу мэкъумэщыщІэхэм бжьыхьэсэу хасэну жылапхъэфІэхэр хуэдгъэхьэзырынымк иджыпстуу элеваторлабораторэр йолэжь.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Тэрч куей.

● Шэрэдж куейм

Жылагъуэхэр зэІузэпэщ щІынымк йогугъу

ШЭРЭДЖ КУЕЙ администрацэм и унафэкІэ районхэр центрым и узрам нэхьыщхьэхэр къэзыгъэнэху уэрэдгьэуу 80-м нэблагъэ зэрагъэпэщыжащ. Абы кьыдэкІуэу Щоджэнцыкіум, Кадыровым, Шэшэным, Щэрджэсым я щІэхэр зезыхьэ уэрамхэм ирикІуэ гъэгуэгъэр зэтес ящІ, автобус, такси къэувыпэІэхэм нобэм кьэс яІа теплъэр нэхьыфІкІэ яхьуэж, иджырей щыгъуэм ит сату щІапІэхэр кьыщызэІуах.

Мы Іуэхум жыджэру хэтащ район гъэзэгуэхуэ органэзэхэмрэ «Насыпь» МУП-мрэ. Район унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, кьабзагъэмрэ дахагъэмрэ цыхуэ хуэмурэ дехьэх, уеблэмэ я зэфІэкІ лэжьыгъэм халъхьэну щыльаІуи щыІэу. Апхуэдэу куейм и жылагъуэ щхьэхуэхэм кьикІа бригадэхэр хэтащ федеральнэ гъэзэгу Іуфэм Іут жыгхэр щауэхьуэнщІы.

ШЭРЭДЖ Былэ.

Къэбэрдей

Зэ1ущІэхэр ■ Фэеплъ ■ Спорт
■ Усыгъэхэр ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Щхьэусыгъуэ иІэкъым

АБХЪАЗ. ***Куржы и упафэщІхэм Урысей Федерацэр ягъэкъэуащэ 2014 гъэм Сочи щекІуэкІыну ЩІымахуэ Олимпиадэм зыщыхуигъажьэзыркІэ Абхъазыр абы кьыхишэн мурад иІэ хуэдэу жиІэу. УФ-ми Абхъазми ар щхьэусыгъэншэу кьалъытэ, ауи кьыхагъэщІкужьыр дзэпкъэ «зэрысоциыдзэрын» Іэмал кьаззэрыхъукъэкІар.***

Абы тхыгъэм дыщелэжьыми, МЧС къэрал ІуэхущапІэм и къудамэу КЪР-м щыІэм къэхъукъащІэхэм кІэлъыплъыныжмкІэ центрым и ІэщІагъэлІхэр дяпэкІи дуней къэхъукъащІэхэм шынагъуэ къашэнкъамыщэныр зрагъэщІэну эну республикэм и МВД-м и вертолетымкІэ щІыпІэр кьызэхалъэтыхьыну загъэхьэзырырт. Урысейм и МЧС-м и кьеГъэлакІуэхэр, абы и кьудамэу КЪР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр, районым, республикэм шынагъуэншагъэм кІэлъыплъ и ІуэхущапІэхэм иджыпстуэ я лэжьакІуэхэр щІэгъэхэубжьауэ ирахьэкІ.

БОЛЭТАрсен.

Бублунгу ятІагъуэр къыщІэлъэхьэ

Щыщхьэ1ум и 3-м и жэщым Щэджэм районым хьхьэ Бублунгу къуажэм и ипщэ пъэныкъуэм псым ятІагъуэр къыщирилъэсэхащ. Абы Бублунгу псым и псыжапІэр зэрыІуащІам къыхэкІыу, къыщыхьэдэжэхар унэ 10-щым ящІэлъэдащ, абы щыщу тІур зэтрикъутэпащ. Іисраф ищІащ псэуалъэхэр, машинэхэр, унагъуэ Іэщхэр.

НЭХУщыхуІэ хуэужэдзэ 11-м я Іуэху зытетыр ящІакъым. 10-р къагъуэтыжащ, 1938 гъэм кьалъхуа цІыхубзыр кьалъыхъуэ. ЯтІагъуэр кьызэрыритъэсэхамкІэ хьыбар кьыззэратУ, МЧС-м и гупымрэ Налшык и ПСО-м и кьеГъэлакІуэхэмрэ а щІыпІэм кІуащ. КьэхъукъащІэм и Іуэмкьр гъэкІуэдыжьымэ техникэ хьэлъэр кьыщагъэсэбэп. Псыщхьэм щагъэуващ кьегъэлакІуэхэм я пльыр щІыпІэхэр. Апхуэдэу кьэхъукъащІэм кьахуихьа хэщІыныгъэхэр кьэзыбжьи кьэпщытакІуэ гупи кьызэрагъэпэщащ.

Мы тхыгъэм дыщелэжьми, МЧС къэрал ІуэхущапІэм и къудамэу КЪР-м щыІэм кьэхъукъащІэхэм кІэлъыплъыныжмкІэ и центрым и ІэщІагъэлІхэр дяпэкІи дуней кьэхъукъащІэхэм шынагъуэ къашэнкъамыщэныр зрагъэщІэну эну республикэм и МВД-м и вертолетымкІэ щІыпІэр кьызэхалъэтыхьыну загъэхьэзырырт. Урысейм и МЧС-м и кьеГъэлакІуэхэр, абы и кьудамэу КЪР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр, районым, республикэм шынагъуэншагъэм кІэлъыплъ и ІуэхущапІэхэм иджыпстуэ я лэжьакІуэхэр щІэгъэхэубжьауэ ирахьэкІ.

БОЛЭТАрсен.

● Футбол

Фудбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

ЕщцыкІубгъуанэ джэгуГъуэ

«СПАРТАК-НАЛШЫК» (Налшык) – ЦСКА (Мэскуу)

Налшык. «Спартак» стадион.
Щыщхьэ1ум и 5-м. Сыхьэт 20-м.

Щхьэусыгъуэ иІэкъым

АБХЪАЗ. ***Куржы и упафэщІхэм Урысей Федерацэр ягъэкъэуащэ 2014 гъэм Сочи щекІуэкІыну ЩІымахуэ Олимпиадэм зыщыхуигъажьэзыркІэ Абхъазыр абы кьыхишэн мурад иІэ хуэдэу жиІэу. УФ-ми Абхъазми ар щхьэусыгъэншэу кьалъытэ, ауи кьыхагъэщІкужьыр дзэпкъэ «зэрысоциыдзэрын» Іэмал кьаззэрыхъукъэкІар.***

-ЭХО Москвы» радиостанцым кьыщыпсалъэу Куржым и парламентым и спикер Бурджанадзе Нино жиІащ: «Куржым имыщІэу Урысей Федерацэм и инвестор-хэм Олимпиадэм пыщІа ІуэхущапІэ гуэрхэр Абхъазым щауэхьэн щІадзэу щытмэ, дунейпсо зэгухьэныгъэм абы гу лъдгъэтэнущ. Щэч кьытетхьэркъым куржы-урысей зэхущытыкІэри нэхъыкІэ зэрыхьунум».

Абы ящхьэу УФ-м Нэгъуэщі кьэралІуэхэмкІэ и министрствэм иджыблагъэ зэбгрибгъэжьа хьыбарым кьыхощ Сочи щекІуэкІыну Щымахуэ Олимп Джэгухэм Абхъазыр кьыхъащэн мурад зэрыщымыІэр, официальнэ зэпсэльэныгъэхэри зэремыкІуэкІар.

Абхъазым и министр Шамбэ Сергей кьыхигъэщащ апхуэдэ щыкІэкІэ щІыналъэр щІэрыщІэу кьызэщІагъэпльэну куржыхьэр зэрыхущІэкьур. «Іурыуэгъуэщ Урысей Федерацэм щекІуэкІыну Олимпиадэр дэ кьызэрыдзымыпхар. Олимпиадэм теуХуауэ зэгурыкІэ дьиз»эпыщІа хьууэ щытми, ар ухуэнгъэ материалхэмкІэ дадзэІэпыкъуэрыщ. Сочи объектыщІэ куэд щауэхьэнущ, абы щхьэкІэ зыхуэнькъуэну цементыр, мывэкІэщхьэр, чырбышыр ди куэдщ. Ахэр щыпІэ жыжьэ кьраш нэхьрэ ди деж щащхьэ я фейдэ хэлъщ», - кьыхигъэщащ абы.

Лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ кьалэ администрацэм Узышнагъэр хъумэныгкІэ и управленэм и унафэщІ Пекьу Рэмэзан иджыблагъэ зэрыжаІамкІэ, «Узышнагъэ» лъэпкъ проектым инкъ иткІэ Адыгейм и сымаджэщхэм «ДЭпыкьуэгъу псынщІэ» машинэ 12 кьахуэкІуэнущ.***

АБЫХЭМ ящыщу Мейкъуапэ куейм - 4, Мейкъуапэ кьалэ - 3, Джаджэ, Щоджэн, Texуэвж, Красногвардейск, Адыгейск районхэм зырыз яІэрыхьэнущ.

Сымаджэщхэм я унафэщІхэм машинэхэм я Іункьібзэхэр иратынущ Адыгейм и премьер-министр Саможенков Владимир, республикэм узышнагъэр хъумэныгкІэ и министр Борсэ Мухьэмэд, Мейкъуапэ кьалэ администрацэм и тхьэмадэ Пивоваров Николай сымэ.

- Мы зэманым кьэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ медицинэ Іэмэпсымэхэр и чэзум кьыІэрыхьэ хъуащ. Лъэпкъ проектым инкъ иткІи вакцинацІэ иджыпстуэ республикэм щыдогъэкІуэкІ. Абы кьыдэкІуэу сымаджэщхэр Іэмэпсымэщ1эхэр зэрыщІэдгъэувным худогъэкъэзыр, - кьыхигъэщащ Пекьу Рэмэзан.

Апхуэдэу абы жиІащ мунципальнэ властым мыпкъ кьызэремэщІкІыр, федеральнэ ахъшэрэ гуваэ кьаззэрыІэрыхьэр. Ауэ абы щхьэкІэ кьэмынэу льготэ хущхьэхэмкІэ зрегъэльэзыр, - кьыхигъэщащ Пекьу Рэмэзан.

Апхуэдэу абы жиІащ мунципальнэ властым мыпкъ кьызэремэщІкІыр, федеральнэ ахъшэрэ гуваэ кьаззэрыІэрыхьэр. Ауэ абы щхьэкІэ кьэмынэу льготэ хущхьэхэмкІэ зрегъэльэзыр, - кьыхигъэщащ Пекьу Рэмэзан.

ПсэупІэхэмкІэ къызэрагъэпэщ

Мейкъуапэ кьалэ администрацэм и унафэщІ Пивоваров Николай псэуалъэ сертификатхэр иратащ зауэ зэпэщІэувэныгъэхэм хэта цІыху зыбжанэм. Абы нэмыщІкІэ, сертификат 30 ялыгъэ ящІ цІыпІэхэм дзэм кьуІыкІыу щызыщІащІэхэу я унэ кьэзыгъэзэжа сэлэтхэм», - жиІащ Мейкъуапэ кьалэ администрацэм и лэжьакІуэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Республикэм Іэщ1агъэлІхэр хуриКъуркъым. Щ1эныгъэлІ-къэлощытакІуэхэм къызэралъытэмкІэ, щытыкІэм зимыхъуэжмэ, лэжьыгъэ щхьэхуэхэм пэрыуэн цыху имыІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэнэнкІэ щынагъуэщ.

АР КЪАЛЪЫТЭРИ, республикэм и курыт еджапІэ зыбжанэм школакІуэхэм зэрыпсэуэн Іэщ1агъэ зэрыратынум зытрауэущ. Абыхэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ куейм хьихьэ Гундэлэн къуажэм дэт ещанэ курыт еджапІэм. Мы илъэсищ и пэ къыщызэІуахауэ щытащ хъыджэбз цыкІуэхэр дэнбээным щыхуагъэхьэзыр профессиональнэ училищэм и къудамэ. А зэманым кІуригъэбыдзу ГъащІэм къыщагъэсэбэныну Іэщ1агъэр ныбжьыщІэ щэ бжьыгъэхэм зрагъэгъуэтащ. Школым и унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, мы гъэ еджэгъэщІэм ирихьэлІэу щІалэ цыкІуэхэм папщІэ нэгъуэщІ зы къудамиэ къызэІуахынущ. Абы щагъэхьэзырынущ мы зэманым дэни щызэпэубыда хъуа электросварщикэмрэ токарэмрэ. ЖылапхъэфІэхэр хуэдгъэхьэзырынымк иджыпстуэ элеватор лабораторэр йолэжь.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Тэрч куей.

Іуащхьэмахуэ куейм

Іэщ1агъэлІхэр къОмэщІэкІ

зэрыжаІэмкІэ, мы гъэ еджэгъэщІэм ирихьэлІэу щІалэ цыкІуэхэм папщІэ нэгъуэщІ зы къудамиэ къызэІуахынущ. Абы щагъэхьэзырынущ мы зэманым дэни щызэпэубыда хъуа электросварщикэмрэ токарэмрэ. ЖылапхъэфІэхэр хуэдгъэхьэзырынымк иджыпстуэ элеватор лабораторэр йолэжь.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Тэрч куей.

Тхьэмахуэм нэкІэ

Свердловск областым кьыщагъэутыжащ мэзым щІэгъэщыхьауэ щыта сабийхэр.

Илъэс 12, 16 зи ныбжь хьыджэбз цыкІуэхэр а щІыналъэм кІуат щІыуэпсым кІэлъыплъ ныбжьыщІэ экспедицэм хэту. Арати, щхьэрыуащ. Сабийхэр кьызэхьэрыным кьарурыуэ хуэзащІагъэуІуащ. Хьыджэбз цыкІуэхэр узынщэщ. Ахэр кьалъхьуащ тхьэмахуэм нэкІэ. А зэманым абыхэм якІуащ километри 100-м нэс, пычеиэ тІэкІу фІэкІаи нэгъуэщІ ерыскъыи яІыгъакъым.

Зи хуэдэ щымыІэ текІуэныгъэ

Урысейм и еджагъэщхэхэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ ехъулІэныгъэ ин дыдэ кьахьащ Ищхьэрэ полюсыр джыи и льэныкъуэкІэ.

Абыхэм «Мир» бетискафыр ирагъэхьифащ Ищхьэрэ мылыльэ ящи и нэхъ куупІэ дыдэм - километри 4-р метр 300-м щІигъуКІэ. Апхуэдэ дунейм нэхьапэм зыми щыхуэзфІэкІакъым, дяпэкІи зэман гъуэгуэгъуэ нэгъуэщІ гуэрми абы кьытригъэзэжыфынукъым.

ТекІуэныгъэ ин къэзыхьэхэм ехъуэхъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

(ИТАР-ТАСС).

Щ1ыхуэр ятыжырКъым

Белоруссием ират газыр ягъэмэщІэнукъым иджыри зы тхьэмахуэ зэхуакуКІэ.

Апхуэдэ унафэ кьищтащ «Газпромым». Абы кьилъытащ а къэралым апхуэдэ гъэсыныпхъэмкІэ кьытехуа щІыхуэ псори пІалъэ кІэщІым ипшыныжьыну республикэм и президент Лукашенкэ Александр кьызэригъэгуГъар. Пэжщ, а щІыхуэр абы итыжьын хуеящ бадзэуэгъуэм и 23-р кьэмэсу, ауэ зэманкІэ кьитІэсакъым. Белоруссием зытригъэкІыжьифар доллар мелуани 190-рэщ.

Унагъуэ миным щІигъу

Сахалин хьгІыгум щыщ унагъуэ миным щІигъу зыщыпсэуэн ямыІэу кьэнащ, щыбы щІыр щыхъеи нужь.

Псом хуэмыдэу кьулеИсызгъэшхуэ зылъысар Невельск кьалэрщ. Абы щыпсэуэхэм щыщІ куэдыр щІанІтІэхэм щагъэува чэтэн щыІ. Іэхэм щІэщ, я унэхэм щІыхьажьхи мэшынэрэ. Ар лъабжьэшщэкьым: щІыр иджыри мэхъьей, ар щиухьнур сджагъэщхуэхэм жаІэфирыкъым. ЩІыпІэм щыІэщ УФ-м и МЧС-м и Іэтащхьэ Шойгу Сергей.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КъэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ Исхаков Камил и псалъэхэм тепщІыхьэмэ, щІыналъэ унафэщІхэри кьыкІэщІ: ахэр егутъуэхьэм жьы хьуа псэупІэхэр зэгъэпэщыжыным.

Іуэхухэр икІэщІыпІкІэ зэтес ящІыжьын хуейщ. ХьтІыгум хуокІуэ хы кьэукъуБеям кьрихужьэ толъкъунхэр.

Щ1ыхуэр ятыжырКъым

Белоруссием ират газыр ягъэмэщІэнукъым иджыри зы тхьэмахуэ зэхуакуКІэ.

Апхуэдэ унафэ кьищтащ «Газпромым». Абы кьилъытащ а къэралым апхуэдэ гъэсыныпхъэмкІэ кьытехуа щІыхуэ псори пІалъэ кІэщІым ипшыныжьыну республикэм и президент Лукашенкэ Александр кьызэригъэгуГъар. Пэжщ, а щІыхуэр абы итыжьын хуеящ бадзэуэгъуэм и 23-р кьэмэсу, ауэ зэманкІэ кьитІэсакъым. Белоруссием зытригъэкІыжьифар доллар мелуани 190-рэщ.

Унагъуэ миным щІигъу

Сахалин хьгІыгум щыщ унагъуэ миным щІигъу зыщыпсэуэн ямыІэу кьэнащ, щыбы щІыр щыхъеи нужь.

Псом хуэмыдэу кьулеИсызгъэшхуэ зылъысар Невельск кьалэрщ. Абы щыпсэуэхэм щыщ

Зэдэлэжьэныгъэм и мызакъуэу, лъэпкъхэм я зэхущытыкІэри егъэфІэкІуэн

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Президентым апхуэдэу хьащІэхэр щыгъуазэ ищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыкъуагъэр илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным республикэм зэрыщыхурагъэхьазырым, ахэр объектхэм, гъэзугъэр зэрызэрагъэпэщыжым. ИкІи зэтраубла Іуэхуэхэм адэкІи зрагъэужьжьы, иужьрей илъэси 10 - 15-м зэтрихьа гугъехьхэр къызэрызэранэкІынур къыхигъэщащ.

Губернатор Лисицын Анатолий кІэщІу къытеувыІащ илъэс 15 хьуауэ Ярослав областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэм.

- ЗэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэ гугъэм, 1992 гъэм, КІуэкІуэ Валерийрэ сэрэ Іэ ткддауэ щытащ дыздэдэлэжьным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы лъандэрэ илъэс 15 дэкІащ. Ящэм сатум нэхъ тедгъащІэу щытамэ, иджы унэтІыныгъэхэр нэгъуэщІщ. Ярослав областыр промышленнэ щІыналъэщ икІи а ІэнатІэм дыщыздалэжьным лъэныкъуитІми ди сэбэп халъыну си гугъащ. Апхуэдэуи, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьыгъугъэр нэхъри гъэбыдэн хуейщ. Дэ щыгъуазэ зыхуэтщІынущ ди махуэпхуэм - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур - гъэлъэпІэным зэрызыхуэгъэхьазырым. Дэрэ апхуэдэ Іуэху къытпэщылъщ. 2010 гъэм Ярославль къалэр илъэс 1000 ирокъури, абы ирихьэлІэу дэжьыгъэшхэр зэфІэдгъэкІын хуейщ, - жиІащ губернаторым.

Лисицын Анатолий республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ зэхуищІащ гуапэу къызэрагъэблэгъам папщІэ. «Фи цІыхухэм зэуэ удахьах, си гугъащ ди зэпыщІэныгъэхэрефІэкІуэну, дызэдэлэжьэну», - жиІащ абы.

Адэкіэ КъБР-м и Президентымрэ Ярослав областым и губернаторымрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

Лисицын Анатолий зэрыжиІамкІэ, промышленностым къыдэкІуэу, зрагъэужьынущ курортымрэ туризмэмрэ пщІа бизнесым икІи абы и лъэныкъуэкІэ къагъэсэбэпыну Іэмалхэм ящыщ зыуэ кьигъэлъэгъуащ щэнхабэ Іэнатіэр. Апхуэдэуи екъухьэщащ ди республикэм рэ езыр зи унафэщІ щыналъэмэ зэрызэдэлажьэ щІыкІэр Канны щагъэлъэгъуэну Іэмал зэрыщІэр.

Президент Къанокъуэ Арсен аргуэру зэ къытеувыІащ лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр нэхъри гъэлъэщын зэрыхуейм. «Лъэпкым Іуэхур щынэсым и деж ар гурэ псэкІэ зыхьдощІэ, икІи, дэнэ щІыпІэ щыщыІэмэ, псоми зэхуэдэ хуитыныгъэ дызэриІэр, Урысей къэралыгъэм дызэрыщІэсуэр зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым. Кавказ Ищхъэрэм щыІэ лъэпкъ зэхущытыкІэр адрейхэм къащхьэщокІ икІи прессэм фІыр къыгъаІуэу, Іуэхур зэхьэкІауэ щигъэлъагъуэ щыІэщ, Лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, зегъэужьным зэгъэсуэ дытелажьэн хуейщ», - жиІащ Президентым.

Къанокъуэ Арсен къызэрыхигъэщамкІэ, республикэм и лЫэныгъэхэр щыІэныгъэм и кІэм ирихьэлІэу Ярослав областым кІуэнущ, абы Іуэхур зэрыщІэзэтеуэхам щыгъуазэ зищІын, щызэдэлажьэну унэтІыныгъэхэм щыщу республикэм и сэбэп зыхьэлъхэр яубзыхун папщІэ.

Ярославль къыкІэ хьащІэхэм зыщаплъыхьащ Налшык къалэ и щІыпІэ дахэхэм, махуэшхуэм ирихьэлІэу агъэхьэзыр ухуэныгъэхэм, Іуащъхьамахуэ лъапэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Черкесов Георгий зэІущІэм кърихьэлІэхэм гу лъагирагъэщ щІыр щхьэзакъуэ мылъкуу щытыныр и Іуэхум нэхъ псынкІэу унафэ тещІыныр, гъэунапкъэхэр гъэбелджылыным сом мин 50 тегъэкІуэдэн хуейщ. Мы зэманым къуажэхэм къэпщІэгэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ организэу 13 щолажьэ. Аущ абыхэм ящыщ зыми иригъэкІуэкІыркъым щІыхэр кьызэрагъэсэбэпыр, ахэр учет зэрращІыр, зэрызэхагъэщхьэхуэкІыр къэпщытэным и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ. Си гугъэмкІэ, а кьалэнхэр яущэ далъхьэжьн хуейщ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министерствэм и район управленэхэм».

Республикэм и Президентыр акъылэгъу хьуауэ а Іуэхум и лЫэныкъуэкІэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ министерствэр нэхъ жыдэжру щытын зэрыхуейм кІэ кьиІэлъэгъащ иджыблагъэ а Іэнатіэм ягъэуцуа министрым куэдкІэ зэрыщыгугъыр. ЩІы Іуэхум и гугъу пщІымэ, Къанокъуэ Арсен аргуэру зэ кьыхигъэщащ а Іуэхум зэреплъыр - щІы кооперативхэр кьызэгъэпэщыныр нэхъ кьеэзгъыу кьызэрилытыр.

«Къэтщэнщ, псалъэм папщІэ, сэ сыщалъхуа Шытхьэдэ кьуажэр. МэкъумэшхэкІ къэзылэжьэм ахьшэ яІэкъым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, абыхэм яІэкъым техникэ, жылапхъэхэр кьызэращэхун, нэгъуэщІ Іуэхуэхэм трагъэкІуэдэн ахьшэ. ЩІыр щхьэж зэрылъыскІэрэ ятедгуашэмэ, ахэр Іэмал имыІэу зыгуэрым кьищэхужьнщ, кьуажэдэсхэм я нэхьыбэр щІыншэу кьзнаеу. Кооператив, акционер общество кьызэбгъэпэщ хьунущ иджыпсту муниципальнэ мылькуу щыт щІыхэр абыхэм епТу. Кьуажэдэс псори абыхэм хэтынущ акционерхэу икІи дэ Іэмал дгъуэтынущ а кооперативыр е акционер обществэр жылапхъэ, техникэ хуэдэхэр кьызэращэхун ахьшэкІэ дадэІэпыкъуну. Кооперативэр кьызэгъэпэщыным Іэмал кьунтынущ технологие лъагэм тету мэкъумэшым уелэжьыну, псынщІэу зыбжьыбну, хэхъуэпхъуэ уиІэну. Мыдрейуэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствоми и кІэ абыхэм ятригъэтынущ».

Советым хэтхэр Президентым жиІахэмкІэ акъылэгъу хьуащ, щІы Іуэхум унафэ тещІыхьын и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ бгъэдыхьэкІэри нахуэу щытын зэрыхуейр кьагъэлъагъуэу.

БизнесымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор Хьурей Феликс жиІащ ЦІыхухэм зэрыхуэущІыхьым кьызэригъэлъэгъуамкІэ, зэрыщыкІэхэм якІуэ щІыр зыгуэрым кьищэхужьнщ, кьуажэдэсхэм я нэхьыбэр щІыншэу кьзнаеу. Кооператив, акционер общество кьызэбгъэпэщ хьунущ иджыпсту муниципальнэ мылькуу щыт щІыхэр абыхэм епТу. Абыхэм яІэн хуейщ щІыхэр щрагъэблагъэ зэманхэхьаПэмкІэ ятедгуашэ. Абыхэм яІэн хуейщ щІыхэр щрагъэблагъэ зэманхэха. Фэ Совет кьызэвгъэпэщащ, атІэ правительствэр нэгъуэщІ власт органхэр хуэмейуэ Іэпэ апхуэдэ советхэм? А бюрократизацэр, кьулыкущІэхэм уепсэльэн, уахуэззэну зэрыгугъур кьагурымыІуэным, цІыхухэр мыарэзыным и щхьэусыгъуэхэм ящІ зыщ, абы фІы лэжьыгъэр псыхэкІуадэ ещІэ.

Абы и жэуапу Къанокъуэ Арсен жиІащ властыр, муниципальнэ властри, цІыхухэм я гурыгъу-гурыщІэхэм щыгъуазэу, я гугъуехьэр кьагурыІуэу, зэІухуэу щытын хуейуэ икІи зэІущІэм кьрихьэлІаэр кьигъэтугъащ а Іуэхум гулъытэ хэха хуищІыну.

«Бум-Банкым» и правленэм и унафэщІ Ажахъуэ Кьащцобий кьыхилъхьащ Іулъхьэ тын-кьеІыхьым ебэным щхьэкІэ, и лъабжьэмкІэ къыщыщІэдзауэ кадр зэзыгъэкІынигъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Абы апхуэдэуи кьигъэлъэгъуащ обществэмрэ властымрэ яку зэпыщІэныгъэ дэлъын и лъэныкъуэкІэ республикэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр щІэгъэкъуэныфІ зэрымыхьыр.

КъБКъУ-м философиемкІэ и кафедрэм и профессор Тхьэгъэпсэу Хьэжьсмел кьызэрилытэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр нэхъ зэІухауэ, нэхъ демократичнэу щытын хуейщ, жылагъуэ Іуэхугъуэ ткІийхэм щытепсэлъыхькІэ тегушхуэ яхэлъынущ.

КъБР-м щыІэ православнэ члисхэм я благочинно отец Валентин кьыхигъэщащ лъэпкъхэр зэхуэтэжмакъыІыхьным, республикэм щыІэ дин зэмылІэужьыгъуэхэм кьэраным я нІэ тригъэтыным щапхъэу зэрыщытыр Президентым и ахъшэ хэлъу Налшык члисэ зэрыщаухуэр.

Псалъэмакъыр щекІуэкІым кьэхъеящ псэупІэ щІыпІэхэм яку дэлъ щыІэм я Іуэхури. Президентым кьигъэгугъащ а Іуэхум бжьыхьэм, республикэм и Парламентым и гъэкъыгъэ зэтриублажьэ, уафэ тригъщІыхьыну.

ЗэІущІэм и лжьыгъэм кьрикІуахэр щызэхалъхьэжьым. ЗэзыгъэІу советым хэтхэм Къанокъуэ Арсен фІыщІэ хуащІащ а советым хэтхэм я Іуэху епльыкІэм гупсэхуэ зэрыщІэдэІуам щхьэкІэ. КъыхьагъэбелджылыкІащ республикэм и Президентым и лжьыгъэм арэзы зэрытехьэр, ауэ «Президентым и ІуэхущІафэхэмрэ Правительствэм и лжьэхкІэмрэ щызэтемыхуэ кьызэрыхъуурэ».

Къанокъуэ Арсени Зэзыгъэ1у советым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ и Іуэхур кьызэрыдаІыгъм икІи сэбэн зыпылъ чэнджещхэр кьызэрыратым щхьэкІэ: «Фэ фолъагъу ныкъусаныІуэхуэм екъуІЫныгъэхэри, си дежкІэ абы мыхьэнэщхэ иІэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Дэ къытхуатх

Унафэщ1ым и Іуэху дахэхэр дыдоІыгъ

СИ ЗЫШІАГЪЭМ зэрыкІэлъыІэгъэплъым кьыхэкІыу, пІалъэ кІыхькІэ ди республикэм сыщыІакъым. НэхъыфІ сыкъэхъуэжауэ Налшык кьалэ сыкъыщыдыхьэжам, абы щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм гуръафІэхэр кьысхуатъхьари, кьэкІуэну гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ къысщащІащ.

Ди гъуэгуэхэр нэхъ бгъуэ зэращІым, унэшхуэхэр зэрызэрахьэм, кьалэм и утхэмрэ пІаІэнэзэхэмрэ кьызэрагъэщІэращІэм хуабжьу сыщыгуфІыкІащ. А псори зыдэсІьагъур, щэч хэмылъу, ди Президентращ. КІуэаракъэ, мустІымэну ди лъахэм ихьэ зыщыгуфІыкІа мэжджыгтышхуэм деж къыщрихьэжьауэ, Іуэхуф1 куэд зэфІех абы ди щІэблэм я къэкІуэнум телажьэу. И псалъэри, и Іуэхури зэтохуэ жыхуаІэм хуэдэ щІалэщ Іэтащхьэ тхуэхъуэари, апхуэдэурэ екІуэкІмэ, зэман кІэщІым кьриубыдэу ди республикэр щІыналъэ нэхъыфІэм зэрыхахьажэнум щэч кьытехьэхъым.

Пэжщ, кьэрал мыхьэнэ зиІэ Іуэхущхуэхэр зым и закъуэ зэхэфІэхьыркъым, абы иІэн хуейщ дэІэпыкъуэгъуфІэху. Апхуэдэхэри зригъэуІуауэ кьысщохуэу Къанокъуэ Арсен. Абыхэм я мурадкэр дигу зэрырихьым, я Іуэху зехьэкІэхэм арэзы дыкъызэзгъащ кьым кьыхэкІыу, дэ, нэхъыжьы Іуэхэмэ, сыт и лъэныкъуэкІи защІэдгъэгъэкъуэнщ, Іуэхуэхэр ядэтІыгъынщ.

ЦІыхум ищІэм пщІэ хуэпщІмэ, кьрихьэжьэр дэпЫгъмэ, нэхъ тогушхуэ. Си тхыгъэ кІэщІымкІэ къзэгъэльэгъуэну сызыхуейр сэри_си ныбжьэгъу куэдИ Президентым иригъэкІуэкІ Іуэхуэхэм пщІэ зэрахуэтщІырщ, республикэм и зыужьныгъэм псэемыблэжьу зэрыхуэлажьэр зэрызыхэтщІэрщ.

Тхъэм фрыгъафІакІуэ!

ГУЭБЭЩІЫКІ Мухьадин.
Налшык къалэ.

● КъБР-м и МВД-м

Тэч зыхуащІхэр къыІЭыхьуэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм КъБР-м и щІыІэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ мицІым и полковник Жамбоурэ Наурбий иригъэкІуэкІащ мыхьэнэщхуэ зиІэ лъэпкъ проектхэр пхыгъэкІыным хуэунтІыпщ бюджет мылъкур ззэыльэфлІэну хущІэкъуэхэм, псэупІэ ухуэным и Іэнатіэм щыщ ззэхэщІыхьхэм япэщІэтыным щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

АБЫ кьызэрыщыхагъэщамкІэ, мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм бюджет мылъкур тезыгуашэхэмрэ ахэр зыІэрыхьэхэмрэ я лажьа щІэлъэджагъэхэм текуэ уголовнэ Іуэху 24-рэ къаІэтащ. Абыхэм щыщу 12-р «Урысейм и цІыхухэм - псэупІэ зыпэлъэщын икІи зэпэщ», 18-р «Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьын» лъэпкъ проектхэрщ зэгъэщІылІар. Мы зэманым ирагъэкІуэкІ «Узынщагъэ», «Егъэджэнигъэ» проектхэм текуэуа къэпщытэныгъэхэр. Ахэр и чэзуми икІи зыхуей хуэзэу зэфІэгъэкІынщ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ къалэнщ, «къыхигъэщащ Жамбоурэ Наурбий. Апхуэдэуи къилъытащ, ЩІы и къэнокІмкІэ дыІэ и щІэзыудыну хуущІэкъуэхэм я советым хэтхэм я Іуэху епльыкІэм гупсэхуэ зэрыщІэдэІуам щхьэкІэ. КьыхагъэбелджылыкІащ республикэм и Президентым и лжьыгъэм арэзы зэрытехьэр, ауэ «Президентым и ІуэхущІафэхэмрэ Правительствэм и лжьэхкІэмрэ щызэтемыхуэ кьызэрыхъуурэ».

Кьанокъуэ Арсени Зэзыгъэ1у советым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ и Іуэхур кьызэрыдаІыгъм икІи сэбэн зыпылъ чэнджещхэр кьызэрыратым щхьэкІэ: «Фэ фолъагъу ныкъусаныІуэхуэм екъуІЫныгъэхэри, си дежкІэ абы мыхьэнэщхэ иІэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Іэщэ зыгъэІыгъыныгъэ Іуэху

КъБР-м щыІэ МВД-м кьыІэрыхьа хьыбарыр кьагъэсэгъэпри, хабзэхъуэмэхэм Кьыщпэк кьуажэм щыІэ «Кьыщпэк» акционер зэгуэхэныгъэ зэхуэщІа и щІыналъэм щыІэ мыкъащагъэтащ Іэщэ гъэтІылъыпІэ куэд. Ахэр щыгъэпщкІуат щІым щІатІа, литри 100 зэрызэхуэ гъущІ бошкэшхуэм. Абы щхьэкІащ ХА-74 автоматиту 2, СКС карабин, зи номерхэр паха винчестеру 2, шэ зэмылІэужьыгъуэ 1000-м нэблагъэ, Калашниковым и автоматым и шальэу 3, РПК-м (Калашниковым и Іэрыгъаеу пулемет), «Кедр» ППМ-м я шальэу зырыз, винчестерым и шальэу 3, сэ ІэрыщІу 3, нэгъуэщІхэри. Кьытрахар КъБР-м щыІэ МВД-м и Эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Министрым и кьалэнхэр зыигъэзащІэ мицІым и полковник Жамбоурэ Наурбий зэрыжиІамкІэ, щэч хэмылъу, кьытраха Іэщэ гъэтІылъыпІэр ейщ террорист хьэгъэщагъэхэр зыІэжьыну зи мурад гупым. Хабзэхъуэмэхэм кьалэн ящытщІащ, - щІигъужащ абы, - гъэтІылъыпІэр зейр зэхагъэкІыу яубыдыну.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Футбол

Футболым дихьэхэр щогугъ а хабзэ мыхъумыщІэр щыІэщ къызэтекъутэну икІи «Спартак-Налшыкым» и очко бжыгъэм хигъэхъуэну. Абыкіэ тегъэщІапІэщ мы гъэм Налшык щрагъэкІуэкІа джэгуГуэм 8-м ди щІалэхэм я гъуэм зы топ дыдэ зэрыщыдамыгъэкІыфар. Апхуэдэ зэфІэкІ зиІэ премьер-лигэм хэткъым!

Пщ1ыкІухым щ1ыщу - блым

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм и турнир таблицэм зэи щымыІа Іуэхугъуэ я кьыщихъуащ - абы хэт командэ 16-м щыщу 7-м очко зэхуэдиз яІэу епщыкІубгъуэнэ джэгуГуэм ирихьэлІащ.

ЕБГЪУАНЭ увыпІэр зыІыгъ «Луч-Энергиемрэ» епщыкІутхуанэм щыт «Кубаныр» я зэхуэку зыри датъхьым. Абыхэм «Спартак-Налшыкыр», «Томыр», «Амкарыр», «Сатурныр», «Химкир» я ГъусэУ очко зэхуэдиз (21-рэ) яІащ. Ахэр зэрызэщхьэщыкІыр къахьа текІуэныгъэхэм я куэдагъэмрэ топ дагъэкІахэмрэ кьыхудагъэкІахэмрэ зэрызэхэщытымрэщ.

ГурыІуэгъуэщ абы кьыхэкІыу дэтхэнэ зы очкоми мыхьэнэщхэ зэриІэр. Аращ «Спартак-Налшыкыр» пщэдей текІуэныгъэм щІыхэр кьупхъэр. КьапэщІэтынур езы чемпион дыдэрами, ди щІалэхэм кьикІуэт яІэкъым - зэрыжаІэщи, хьэрхуэрэгъуэхэр «я кІапэм кьытетщ».

ЖЫЛАСЭ Заур.

"Ди губзыгъэ щ1ыкІухэр гъуэгу тохьэ

● Щ1эныгъэ

Ди республикэм исхэр 49-нэ телеканалымкІэ кІэтхыпІъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмрэ зыгъэгъэщІэн Іэнатіэхэмкіэ министерствэхэмрэ КъБКъУ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысейм зэрыгуэхьэ илъэс 450-рэ щрикъуэм ирихьэлІэу кьыхэзгъэпэща телевизионэ проектым.

АБЫ щидзэн ипэ кьихуэу ди редакцэм кьедгъэблагъэри, и мурадымрэ проектым кьрикІуэну зыщыдгугъэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьауэ щытащ Іуэхур кьезыхьэжьа Мэремкъуэ Людмилэ. Ди газетымкІэ, нэгъуэщІ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ 11-нэ классыр мы гъэм кьэзыух щыкІэрыхэм захуэгъаэзри, Людмилэ ныбжьыщІэкэр зэпеуэм кьригъэблэгъащ мазаем. Кьыщидза Іуэхум кІэух дахэ зэригъуэтыным хущІэкъуу гъэжащ ди анэдэлъхубзэхэм яхуэфащэ гулъытэ яІэуэтыжьным, адыгэ балъкъэр ятІонэрхэм дзэ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм гъуэгу етыным хуэпабгъэ продюсерыр.

Ар кьызэрехъулІам, текІуаэр КъБКъУм зэрыщІэзэтІэсхьа щыкІэм, кьыкІэтхьыкІуэ илъэсхэмэ зэпеуэм пащэнрэ памыщэнрэ жедгъэщащ «Ди губзыгъэ щ1ыкІуэхэр» телепроектым и жэрдэмщІакІуэ, абы и продюсер Мэремкъуэ Людмилэ.

- Телепроектыр зэтхьн щыщІэддза махуэм щегъэжьауэ, ди нЫкьыщІэхэм я къэухьым и инагьымрэ щэрыуэу бдзэм зэрыприсальэмрэ тельыджэ сщыхьуащ, - жеІэ Людмилэ. - Ар яфІэгъэщІэгъуэ Іуэхуэ зэрыщІэкІ, абы и продюсер Мэремкъуэ Людмилэ.

- Телепроектыр зэтхьн щыщІэддза махуэм щегъэжьауэ, ди ныбжьыщІэхэм я къэухьым и инагьымрэ щэрыуэу бдзэм зэрыприсальэмрэ тельыджэ сщыхьуащ, - жеІэ Людмилэ. - Ар яфІэгъэщІэгъуэ Іуэхуэ зэрыщІэкІ, абы и продюсер Мэремкъуэ Людмилэ. Проектыр щедгъажьм абы сэбэпынагъуу иІэу сыбжьщытам иджыри кьахэхьауад. Сыт щхьэкІэ жыІэмэ, иджыпсту кьрыт школыр кьэзыухъумэн эджа пІэ нэхъыщхьэкэ ирищІэтыхьэу ят зыуэ щыт кьэрал экзаменыр гуманитар щІэныгъэхэм ехьэлІэгъуэйуэ къызолъытэ. Ар къызыхэкІыр абы щат тестхэмкІэ сабийм и бзэм и кьулеигъыр, и кьэпсэлъыкІэм и кьабзагъыр, тхыдэм, Іуэрыдуатэм зэрыхищІыкІыр кьыкъэзыпхъэмыхуэ щытащ Іуэхур кьезыхьэжьа Мэремкъуэ Людмилэ. Ди газетымкІэ, нэгъуэщІ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ 11-нэ классыр мы гъэм кьэзыух щыкІэрыхэм захуэгъаэзри, Людмилэ ныбжьыщІэкэр зэпеуэм кьригъэблэгъащ мазаем. Кьыщидза Іуэхум кІэух дахэ зэригъуэтыным хущІэкъуу гъэжащ ди анэдэлъхубзэхэм яхуэфащэ гулъытэ яІэуэтыжьным, адыгэ балъкъэр ятІонэрхэм дзэ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм гъуэгу етыным хуэпабгъэ продюсерыр.

Ар кьызэрехъулІам, текІуаэр КъБКъУм зэрыщІэзэтІэсхьа щыкІэм, кьыкІэтхьыкІуэ илъэсхэмэ зэпеуэм пащэнрэ памыщэнрэ жедгъэщащ «Ди губзыгъэ щ1ыкІуэхэр» телепроектым и жэрдэмщІакІуэ, абы и продюсер Мэремкъуэ Людмилэ.

Абы кьызэригъэпэща телепроектым иджыри зы хьэлэмэтагъ хэпъщ - ар зэпеуэм хэтынукэр кьызэрихьэкІыр кьызэрыпхъэмрэ щІэныгъэмкІэ, апэ щыкІэ зэпеуэм хэтынукэр кьызэрихьэкІыр. Ди гъэпсэ газетхэмкІэ хьыбар яригъэщІаэр арати, кьекІуэлІар бзэр фІыуэ зыщІэ кьуажэдэс ныбжьыщІэхэрщ, университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэжэм щІэтІыс хьэну жэрдэм зиІэхэрщ.

Сыт хуэдэ Іуэхури гугъуехьыншэу зэрызэфІэмыкІыр щынарыпъагъут мы проектми. Людмилэ зэрыжиІэмкІэ, апэ щыкІэ зэпеуэр зригъэкІуэкІыну пэщкъэпъхъуэным гугъу дехьащ, итІанэ камеридж кьудейкІэ тепхынри тыншу кьыщІэкІакъым. Кьапщтэмэ, Бизмеркэм и нэтыныр зригъэкІуэкІ студием и унащхьэ кьудейм камеринщІ щыдІэдзащ, пэшым щІэтхэм я гугъу умыщІми. КьыймэщІэкІми, а Іэмэпсымэ зыбжанэр фІыуэ кьэзыгъэсэбэпырэ телевидением и пэжькІуэхэм я кьэкІуэхэм я якуэрэзыщ Людмилэ. КъБКъУм ДизайнмкІэ и колледжым яхуихха пэшыр апхуэдэ Іуэхуэхэм зэумыщІа дыдэми, апэ лъэбакъуэр къызыхуэтынышэу къызэрагъэпэщауэ жыпІэ хъунущ.

Зэпеуэм хэта ныбжьыщІэхэм ящыщу, нэхъапэм зэрыжаІам тету, текІуа щыхэм 6-р университетым и студент зыхуэщІ, адрейхэри фІыуэ зухъхьэзырщи, зэрыщІэтІысхьэ экзаменхэр ятмэ, зэрыщІэхуэнум щэч хэтъкъым. **Ардавэ Залинэ, Мэшыкъуэ Лянэ, Щокъум Лянэ** (адыгэ кьуажэм), **Атабиевэ Ф1ынат1эр, Лайпановэ Мадинэ, Тъуменовэ Фат1имэ** (балъкъэр кьудамэм) сымэ зэрытекІуамкІэ сертификат ратащ, университетым зэрыщІэтІысхьамэ щыхьэт техъуэу.

КьыкІэлъыкІуэ илъэсхэми апхуэдэ зэпеуэрригъэкІуэкІыну и мурадщ Людмилэ, уеблэмэ урысыбзэмрэ литературэмкІэ кьудамэри хигъэхьну и гурагъащ. ПэтхьнкІэ зэщыгъуэ мыхъун папщІэ, Мэремкъуэ Людмилэ хигъэува творческэ Іыхьэри гулъытэншэу кьэбгъанэ мыхъунщ. Продюсерыр зэреплъымкІэ, Іуаэзджэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ кьэралинститутми жэрдэмыр кьадиІыгъмэ, актер Іэзагъ зыбгъэдэлъ адыгэ, балъкъэр ныбжьыщІэхэр гугъуехьыншэу кьыхахьэфынущ. Ар бєлджылы кьыщІащ Іуэрыдуатэм фІыуэ хэзыщІыкІ, усэ кьеджэну, уэрэд жиІэну зыифІэфІ куэд зэхъэзхуэм кьызэрырихьэлІам.

Ауэ, пэжщ, ар кьыдэзыІыгъын унафэщІхэмрэ мыхъукІэ зыкъыщІэзыІыгъэхэм хэрычэтэщІэхэмрэ хуэныкъуэщ.

Псынэр зэрыкІуэм псыкІэри ирожэ, жаІэ адыгэхэм. Дыщыгугынщ, телевизионнымкІэ университетым щІэжа цІыкІуэхэм я лъагъуэм апхуэдэ Іуэхуэ ирикІуэну, бзэр, Іуэрыдуатэр, тхыдэр джыным нэхъыбэ дригъэхьахьну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.



КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ телепроектым и продюсер Мэремкъуэ Людмилэрэ зэпеуэм щытекІуа пщащэхэр я гъусэу.

Властыр нэхъ зэІухауэ щытыш хуейщ

«Къэтщэнщ, псалъэм папщІэ, сэ сыщалъхуа Шытхьэдэ кьуажэр. МэкъумэшхэкІ къэзылэжьэм ахьшэ яІэкъым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, абыхэм яІэкъым техникэ, жылапхъэхэр кьызэращэхун, нэгъуэщІ Іуэхуэхэм трагъэкІуэдэн ахьшэ. ЩІыр щхьэж зэрылъыскІэрэ ятедгуашэмэ, ахэр Іэмал имыІэу зыгуэрым кьищэхужьнщ, кьуажэдэсхэм я нэхьыбэр щІыншэу кьзнаеу. Кооператив, акционер общество кьызэбгъэпэщ хьунущ иджыпсту муниципальнэ мылькуу щыт щІыхэр абыхэм епТу. Кьуажэдэс псорри абыхэм хэтынущ акционерхэу икІи дэ Іэмал дгъуэтынущ а кооперативыр е акционер обществэр жылапхъэ, техникэ хуэдэхэр кьызэращэхун ахьшэкІэ дадэІэпыкъуну. Кооперативэр кьызэрэпэщыным Іэмал кьунтынущ технологие лъагэм тету мэкъумэшым уелэжьыну, псынщІэу зыбжьыбну, хэхъуэпхъуэ уиІэну. Мыдрейуэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствоми и кІэ абыхэм ятригъэтынущ».

Советым хэтхэр Президентым жиІахэмкІэ акъылэгъу хьуащ, щІы Іуэхум унафэ тещІыхьын и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ бгъэдыхьэкІэри нахуэу щытын зэрыхуейр кьагъэлъагъуэу.

БизнесымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор Хьурей Феликс жиІащ ЦІыхухэм зэрыхуэущІыхьым кьызэригъэлъэгъуамкІэ, зэрыщыкІэхэм якІуэ щІыр зыгуэрым кьищэхужьнщ, кьуажэдэсхэм я нэхьыбэр щІыншэу кьзнаеу. Кооператив, акционер общество кьызэбгъэпэщ хьунущ иджыпсту муниципальнэ мылькуу щыт щІыхэр абыхэм епТу. Абы апхуэдэуи кьигъэлъэгъуащ республикэм и бюрократизмэм зэрыщІэщыгубгъуар икІи кьуэпс куу зэрыщигъэтар: «Министрхэм я деж телефонкІэ упсэдэхну пхуэзфІэкІыркъым. КьулыкущІэхэм уепсэлъэн хуэдэу, уахуэззэну зэрыгугъур кьагурымыІуэным, цІыхухэр мыарэзыным и щхьэусыгъуэхэм ящІ зыщ, абы фІы лэжьыгъэр псыхэкІуадэ ещІэ.

Абы и жэуапу Къанокъуэ Арсен жиІащ властыр, муниципальнэ властри, цІыхухэм я гурыгъу-гурыщІэхэм щыгъуазэу, я гугъуехьэр кьагурыІуэу, зэІухауэ щытын хуейуэ икІи зэІущІэм кьрихьэлІаэр кьигъэтугъащ а Іуэхум гулъытэ хэха хуищІыну.

«Бум-Банкым» и правленэм и унафэщІ Ажахъуэ Кьащцобий кьыхилъхьащ Іулъхьэ тын-кьеІыхьым ебэным щхьэкІэ, и лъабжьэмкІэ къыщыщІэдзауэ кадр зэзыгъэкІынигъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Абы апхуэдэуи кьигъэлъэгъуащ обществэмрэ властымрэ яку зэпыщІэныгъэ дэлъын и лъэныкъуэкІэ республикэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр щІэгъэкъуэныфІ зэрымыхьыр.

КъБКъУ-м философиемкІэ и кафедрэм и профессор Тхьэгъэпсэу Хьэжьсмел кьызэрилытэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр нэхъ зэІухауэ, нэхъ демократичнэу щытын хуейщ, жылагъуэ Іуэхугъуэ ткІийхэм щытепсэлъыхькІэ тегушхуэ яхэлъынущ.

КъБР-м щыІэ православнэ члисхэм я благочинно отец Валентин кьыхигъэщащ лъэпкъхэр зэхуэтэжмакъыІыхьным, республикэм щыІэ дин зэмылІэужьыгъуэхэм кьэраным я нІэ тригъэтыным щапхъэу зэрыщытыр Президентым и ахъшэ хэлъу Налшык члисэ зэрыщаухуэр.

Псалъэмакъыр щекІуэкІым кьэхъеящ псэупІэ щІыпІэхэм яку дэлъ щыІэм я Іуэхури. Президентым кьигъэгугъащ а Іуэхум бжьыхьэм, республикэм и Парламентым и лжьыгъэр зэтриублажьэ, тригъщІыхьыну.

ЗэІущІэм и лжьыгъэм кьрикІуахэр щызэхалъхьэжьым. ЗэзыгъэІу советым хэтхэм Къанокъуэ Арсен фІыщІэ хуащІащ а советым хэтхэм я Іуэху епльыкІэм гупсэхуэ зэрыщІэдэІуам щхьэкІэ. КьыхагъэбелджылыкІащ республикэм и Президентым и лжьыгъэм арэзы зэрытехьэр, ауэ «Президентым и Іуэхущ1афэхэмрэ Правительствэм и лжьэхкІэмрэ щызэтемыхуэ кьызэрыхъуурэ».

Къанокъуэ Арсени Зэзыгъэ1у советым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ и Іуэхур кьызэрыдаІыгъм икІи сэбэн зыпылъ чэнджещхэр кьызэрыратым щхьэкІэ: «Фэ фолъагъу ныкъусаныІуэхуэм екъуІЫныгъэхэри, си дежкІэ абы мыхьэнэщхэ иІэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

ЦСКА-м и закъуэщ1 очкоиншэу дыкъэзыгъанэр. Къызэпыуда хъуну ар пщ1эдей?

**Пщ1эдей сыхьэт 20

ХэкулІ Къущхьэ Гъумар

● Фэеплъ

Ар псэужатэмэ, илъэс 80 ирикъунут

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ Къущхьэ Сэхьид и къуэ Гъумар и гуащІэдэкІ гъэзэгуанэр тэшнщат Іуэхугъуэ щхьэпэхэмкІэ, щІыхуфІагъым, щыпкъагъэм и щапхъэ зэхьэмэтхэмкІэ,

Й ныбжьыр илъэс 17-м щынэсым ар хъуащ егъэджакІуэ, мыгувэу - школым и унафэщІ. И щІэныгъэм зэпымыуэ хигъахъуауэрэ, зэрыплажьэм хуэдэуэрэ, ягъэ щыІкІэ кинухащ Къэбэрдей-Балъкъэр госинститутыр, куэд дэмыкІыу - Осетие Ищхъэрэм щыІэ мэкъумэши институтыр, тхыдэмкІэ егъэджакІуэ, щІэныгъэлІ - агроном Іэщіагъэхэр зригъэгъуэтащ.

Партэ, совет лэжьакІуэ лъэрызехьэ хъуным и пэкІэ Москва дэт парт еджапІэ нэхъыщхьэри щытхъуэ иІэу къыдэзыгъэнкІащ, Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм щылэжьащ инструктору, мэкъумэшхозяйствэмкІэ Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн, Дзэпыкъуэ, Шэджэм районхэм я управленэм и Іэтащхьэу, а щыналъэхэм я парт унафэщІ нэхъыщхьэу - ягъэ секретарыу.

И къалэнхэр зэпэщу зэригъэзащІэр къалъытэурэ, и къулыкъукІэ нэхъри яІатащ. Илъэс зыбжанэкІэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым промышленность псынщІэм, ерыскъым, сатум, теплажьэ къудамэр Іэщіэлъащ. Пенсэ мыкІуэ щІыкІэ, илъэсипщІкІэ Мэз хозяйствэм и министр къулыкъуми пэрытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр парт организацэм и лІыкІуэу Гъумар хэтащ КПСС-м и ХХУ съездым и пэжыгъэм. Арксу-дейри щыхьэт тохъуэ Къущхьэм ди республикэм лэжьыгъэфІрэ пщІэ инрэ зэрыщиІам.

Гъумар зыхуэдам, абы и Іэужьыфіхэм, и хьэл-щэн дахэхэм теухуауэ псалъэфІ Іэджэ къыжаІащ, тхыгъэуэ щытхуагъэнащ ар зыщыхуэу щытахэм, лэжьыгъуэу, ныбжьыгъуэ зиІахэм ящыщ куэдым. Псалъэм папщІэ, мыпхуэдэ щІыхуэ хьэлрамэтхэм:

ЖУКОВ Георгий *, СССР-м и маршал, Совет Союзым ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министру щыта:*

- Фіщщу фхузощІ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщіАхъуэхъу Аслъэнбийрэ Бахъсэн районым и Іэтащхьэ Къущхьэ Гъумаррэ Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ теІыджжэхэр зэрызэгъэлъэгъуам, хьэщІагъэ ин къызэрыскІэлъэІэсыжьэхьам папщІэ.

Гъумар зэфІэІэ щІэ унафэщІщ. Си фІэщ мэхъу ар и кулыкъукІэ дяпэкІэ нэхъри зэрыдэкІуеинур. Ар нэгъэсауэ бгырыс лІы икъугъащ, Москва уэхьалІуэмэ, ныскуэблагъэ, сыкъыппэплъэнущ, Гъумар!

Мыгувэу Жуковым къешІэ Къущхьэ Гъумар Москва зэрыщыщІэр, парт еджапІэ нэхъыщхьэм зэрыщІэсыр. И унэм ирегъэблагъэ, фІыуи къеГъэхьэщІэ. И ныбжьгъуэм яжриІэ Гъумар Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын нэхъыфІхэм зэращыщыр, пщІэ ин зэрыхуэфащэр. А пшыхьщхьэ дыдэм Жуковым унафэ ищІри, ди республикэм мыгувэу къыІэрыхьауэ щытащ зауэ хуэІуэхуэщІэхэм хэмытыж автомашинэ пльэщу зыбжанэ.

МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ, *КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и ятэ секретарыр. 1970 гъэм Гъумар къыщыхтхуагъащ мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ:*

- Ныбжьэгъу Къущхьэм зыкъигъэльэгъуащ щІэныгъэ зиІэ, зи Іэхум хэІэзэ пэжьаІкІуэу. Ерыщу, гуащІафІэу и кьалэнхэр пкгъэкІ, пщІэ къыхэуащІ. Жыдэжрэ ухэтщ республикэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм, ХьАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатщ, партым и обкомым хэтщ. Зыгъэпсэхьа екъуІэныгъэхэм кьапэкІуэ Ленин орденыр, Щыхьым и Дамыгъэ орденыр, медалхэр къыхуагъэфэщащ...

ЕВТУШЕНКЭ Николай, *КъБАССР-м и и Правительствэм и УнафэщІым и ятэ къуэдзэу щыта:*

- Зеикъуэ къыщыхъуащ Іэщіагъэлі, щІэныгъэлі, къызэгъэпэщакІуэ ГъэзэжджэУ зыкъом. Абыхэм фІыкІэ къыхэщырт Къущхьэ Гъумар. Абы хэлъ хьэныгъэфІ хуищІащ Бахъсэн районым и мэкъумэш хозяйствэм, социальнэ, экономикэ Іэщіэм зегъэужьауэ, Іуащхьэмахуэ льапэм жыг зэмылІэужьыгъуэхэр щыхэсэным. Гъумар щІыху хэтыкІэ ищІэрт,гуапэт, бжьыфІрт. Абы къыхэкІыуи куэдым фІыуэ къалъэфырт.

Къущхьэ Гъумар. *1978 гъэ*

нэгу щІэкІащ ар дахэу, тэмэму, нэмысыфІэу дунейм зэрытетар. Гъумар илъэсищэ блэкІам хальхуа щІыху нэхъ щІыпкъэ, гуащІафІэ, зэчиифІ дыдэхэм щыщІт. Ар зыгуэркІэ изогъэщхь ди жылагъуэм и лъабжьэр зыгъэзітыпІэ ХьэтІохъущхьэ Хьэтохъущхьэ. ЛІым я лІыкт Гъумар.

ГЪУКІЭПЩ Мусэрбий, *КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым промышленностымкІэ и къудамэм и унафэщІу пэжьа:*

- Сыпсэуху сщыгъупщэнкъым илъэс щэщІ хуэдизкІэ Гъумаррэ сэрэ дякум ныбжьыгъуэ быдэ, ЦІыхугъэ зэрыдэлъар. Ар къулыкъуэхьэхэ куэдым кьаэщІарт жан зэрИэмкІэ, я хьэлкІэ, лъэпкъкІэ, ныбжькІэ зэхуэдизкІэ мыдэ цІыхухэм хъарзынэу зэрагурыІуэфымкІэ, чэнджэщэгъу, дэлэпкъуэгъу куэдым зэрахэхуэхъуфымкІэ. ГуфІэгъуэми нэщхьеягъуэми Гъумар щигъэлъэгъуфырт ижьижьыжь пъандэрэ ди лъэпкъым кьаІэтыгъуэгурыкІуэ хабзэхэм фІыуэ зэрыщыгъуаз эр.

КЪАРДЭН Барэсбий, *Зеикъуэ къуажэм щыІэзэхэта колхозым и унафэщІу щыта:*

- Къущхьэ Гъумаррэ сэрэ дыкъыІэздэхьуат, ныбжьэгъу пэжи дызэхущытащ. Ар къулыкъу лъагэ зыбжанэм пэрытащ, къарагъэзэ дзыхьыр игъэпэжьыфырт. Гъумар и жэрдэм хэлъу хьащІ гъэхэм «Зеикъуэ» колхозым фІыуэ зиужьат. А зэманым диІащ мэлу мин 42-рэ, Іэщ пІащІу миниих, шыуэ 800, бжьэ матэу 500, нэгъэщІ куэди. Гъумар и унафэхэр ягъэзащІу, псэемыфІзэжу а зэманым лэжьыгъэщІ Іэщіагъэлі Іэкіуэльакіуэхэу Согуэ Асльэнбий, Кьалмыкъ Мухьэб, Къэрмокъуэ Малил, Гъэфіыщ Мусэбий, Токъмакъ Мухьэмэт сымэ, Гъумар и дэІэпыкъуныгъэ хэлъу ди кьуажэм дащІыхьат еджапІэхэр, сымаджэщхэр, сыдий Іэхущіапіэхэр, нэгъэущІхэри.

ЩОМАХУЭ Албэч, *Госбанкым и Іуащхьэмахуэ район кьуажэм и унафэщІ щыта:*

- БлэкІа лІащІыгъуэм и щІыкІуэу гъэхэм Къущхьэ Гъумар сэ сызыщеджэ Зеикъуэ щхьэпэ и зэманым лэжьыгъэщІ Іэщіагъэлі Іэкіуэльакіуэхэу Согуэ Асльэнбий, Кьалмыкъ Мухьэб, Къэрмокъуэ Малил, Гъэфіыщ Мусэбий, Токъмакъ Мухьэмэт сымэ, Гъумар и дэІэпыкъуныгъэ хэлъу ди кьуажэм дащІыхьат еджапІэхэр, сымаджэщхэр, сыдий Іэхущіапіэхэр, нэгъэущІхэри.

ЗАЛИХАНОВ Михаил *Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Щэныхъэхэмкіэ Урысей Академиемэ хэт, Къэрал Думэм и депутат:*

- Къущхьэ Гъумар сигъэщыхуэм, фІы куэд хужиІауэ щытащ хьащІ гъэхэм ди республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэу лэжьа Ахъуэхъу Аслъэнбий. Нэхъ иужьыІуэкІэ куэдрэ дыщыхьэщІащ зэхуэс зэмылІэужьыгъуэхэм. Гъумар сэ къизыгъэщІащ адыгэ лъэпкъ хабзэхэм ящыщ куэд. Псом хуэмыдиу сэ фІэщыІэ-гъэнт а лІы Іущам зэрыкиІэр щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр нэхъыфІу тхъымапхъэу, жыгхэм, щхьэнтІагъэхэм дахэуэсакьэхьэу, Іуащхьэмахуэ лъапэм лъэпкъ жыг хадэ къыщызэгъэпэщын хуеІуэ. Нобэ мы щыпІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъэжащ, къыпхуэмыщІыкужьым хуэдизу. Сэ къызолъытэ Іуащхьэмахуэ лъапэри Гъумар и фэеплъ нэхуу.

Си АДЭ-АНЭР быныфІэт, абыхэм зэдапІат быниб: КІыщыкъуэ, Гъумар, Замилэ, Зое, Жэнэ, сэ, Іуащ.

Ди унагъуэм зэгурыІуэ дапщэщи илъащ. Адэ-анэм я псалъэр сабийжэм дежкІэ хабзэ ткІиит.

Ди адэ Сэхьид псалъэныр фІэфІыщэткъым, лэжьыгъэм хущІигъэхьэртэкъым. Ауэ ар фІыуэ щыгъуаззт адыгэхэм я цІыху щэджащэхэм - Нэгумэ Шорэ, Къзэанокъуэ Жабагъы, нэгъэущІхэми я псэукІам, къызэранэкІэ Іущыгъэхэм.

Ди анэ Кулижан, зэрыжаІэщи, хуэзэфІэкІри хуэзэфІэмыкІри ищІэрт: шылэ хьэпІацІэ игъашхэрт, тутын къигъэхьурт, жэщкІэ щыджанэ, пыІэ, Іэпъэ, пъэпэд хуэдэхэр тхуэзэІуищІарт.

Хэку заузэшхуэм и зэманым КІыщыкъуэ ди унагъуэм куэдрэ я къыдэІэпыкъуащ, ахъшэ, хьэпшып, ерыскъы и офицер улахуэм кьытхухигъэкІыурэ.

КІыщыкъуэрэ Гъумаррэ фІыуэ еджащ. Гъумар пасэу щІидзащ лэжьэным. ЕгъэджакІуэ хъури, адэ-анэм ахъшэ Іэрыптхьэкіэ кьахъуэпсэу хуежьащ. И кулыкъуэкІэ щІэсыр щІэхьыгъэ яІатащ, зэрыпэрэ Іэнатіэхэм хъарзынэу тепсэлъыхьащ ныбжьэгъуу, лэжьэгъуу иІахэр. Ауэ кьыхэзэгъэщхьэпэу къызэлъытэ ди адэ-анэм, езыхэр щІэныгъэнщэу щытами, зэпымыуэ деджэну дызэрагъэІущар, нэмыс тхэлъу, ди щхьэ пщІэ хуэтщІыкьыфу, нэгъэщІхэми дахуэхуэмыщІ.

СощІэж КІыщыкъуэрэ Гъумаррэ Ахъуэхъу Аслъэнбий куэдрэ щытхъуу, ар гуаэзэфІу яІэу, и чэнджэщхэри егуГуу зыхальхьэу зэрыщытар. Псом хуэмыдэу Ахъуэхъур ныхъуэфІт Гъумар, сыт и пЭныкъуэкІи и дзыхь кьриІэзэкІрт. Псалъэм папщІэ, Совет Союзым и маршал, Зыхъэмэжьныгъэмкіэ министр Жуковыр ди республикэм кІыщыкІуам, ар гъэхэщІэнкІр, адыгэ хабзэхэм щыгъэзэзэныр пщэрыльэ щащІат Гъумар, райкомхэм я секретарэхэм ящыщу нэхъыщІэ дыдэм. А пщэрыльэр ГуэзэждэуИ игъэзэщІэфат. Жуковым и закъуэ? Гъумар гуапэу кьригъэблэгъат маршалхэу Батицкэр, Чуйков, Москаленкэ, генерал-полковник Кузнецов, космонавтхэу Леонов, Попович, ди кьералыгъэушхуэм и министрхэу, парт, жылагъуэ пэжьакІуэ щІэрыІуэхэу зыхъум. Абыхэм я яригъэльэгъуат ди щІынаІъэм и дахагъэр, ди щІыхуэм я бжьыфІагъыр, хьэлэпатагъэр, Іуащіагъэр. Гъумар и фІыщІкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьым нэхъри зиІэтащ, экономикэ, социальнэ и лъэныкъуэкІэ Іьагъэ пІащІэхэр нэрылъагъу къэхъуащ.

Сэ срогушхуэ си къуэшхэу КІыщокъуэ, Гъумар сымэ. Абыхэм зэрыщІэсыр ди щІыпІэм къэрал Іэхухэм зэфІагъэкІащ, дахэу я унагъуэм исыныр щахуэзэфІэмыкІ куэдрэ кьэхъуу.

Гъумар кІыщэринэкІащ и щхьэгъусэ Тэмарэ, и къуэ Олег, ипхъу Оли, и нысэ Тамарэ, къуэрыпхъу-пхъуІащхьэ щыхутхуу. Ахэр кьохъу къыщыхэкІахэм яхуэфащэу, щыхтхъуфІ яІэу.

Зорьжэкіэмкіэ, ди Іыхьлыгъэхэр, Іыхьлыгъэ щІэныгъэм зрагъэ ахъумэ. Нобэ дигъэсэжьхьи КІыщыкъуэ, Гъумар сымэ. Ар, пцІы хэмылъу, кьыстохьэпІэ. Псыр ежэхми, и Іуфахэр я пІэм кьонэ. Щхьэгъэм кьахуэнащ КІыщыкъуэ, Гъумар сымэ я цІэхэр, я лэжьыгъэфІхэр. Ар ящымыгъупщэу, тхэмытыжхэм я фэеІпь нэхуэхэр зегъэпэІэну, яхъумэну я фарэщ къэрал, жылагъуэ унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм, уэзщІакІуэхэм.

ИкІи яхъумэ, ягъэпапІэ.

Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ Бахъсэн кьалэм и уэрамхэм ящыщ щым, «Кооператор» хьэблэм щыІэм, Кьущхьэ Гъумар и цІэр зэрыфІащар. Ар гуапэ я пІэм кьонэ. Щхьэгъэм тыкуэнхэзэ ЧэзуМ хэтурэ кьыхихьу зэрыщытар.

Ар ящыхъуащ цІыху миниплъм щІигъу ди лъэпкъым щыщ псоми. Абыхэм я цІэкІэ ди ныбжьэгъуэ Бахъсэн кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ Афэщыкъ Юрий, абы и кьуэдзэ Бжыкіий Хьэмидбий, кьалэ Советым и тхьэмада Абаз Артур, ветеран пенсионер организацэхэм я унафэщІхэу Бэгъэтырымрэ Абрэджымрэ, цІыхубз депутатхэм.

КЪУЩХЬЭ Мухьэжид,
УФ-ми КъБР-ми щыІэ зиІэ я энергетик.

* * *

Къуршыпсым и щхьэр кърехьэкІ, мывэ къэсхуэкІэ енькІыхьэкъ уу.
Игу щыщІэу хъуар кьыпкърохьэж, и жапІэр нэжьи ІэвэзрыхьІуу.

Абы гьуэз щІыІэр къыщхьэщех, нэпкъым и щІыфэр игъэхытхыу.
И натІэм кьритхам пщІэт къуршыпсыр тафэм носыр, утхэу.

Зы напІэзыпІэм мэІэсэж, щытар апхуэдэу зыІзуІкІыжу.
Трепхьэ псыр, трепхьэ псэр, зигу кьыпыльадэр зэпрыкІыу.

Иджы убзэнкІэ иримыкъу, гуапагъэ защІэщ кьиІущэщыр.
Ар кьиуфыну си фІэщ мыхьу, гьужьыну сщІэркъым кьыщІысфІэщІыр.

Тогушхуу э гъащІэр Іэнкън хь уам, епэгэкІынущ япэ кьэсхэр.
Я нэгум мывэхэм зехьэхэ, псытепхьэ щыхьэм деж кьуршыпсыр...



* * *

ГъэщІэгъу энщ мы нобэрей уэщхыр, щысхь ку эдэ, ткІуепсэр кьыІэщІоху.
Си фІэщ мыхьу ящІэжу кьыщІешхыр, тегупсысакІыу ар кьыщсюхьу.

Жьы ящІэткъым уафэм щызекІуэм, псы инар щІым нэуэ щоплъэ.
Уэшх ткІуепс пІащэ эр кьыщцэхэткІуэм, сабэм и нэр мэхьу губгъуэм из.

ХэткІуэм уэшхыр - сабэр кьогъаеъ, ящхьэу щытмэ - ятІэ мэхьуж.
Ара къынщ кьекІуэкІыр зи ягъэр, уафэр сабэм егупсыс хьунщ.

И щытыкІэм нобэрей уэшхым гъэщІэгъуэну зыри хэмыльэ.
Ельятащ куэд и гур зыкуэжьэм, ирежьыг ар, ирегъуэгуІ...

* * *

И пльэкІэр кьуаргъым си псэм пхокІ, нужькІэ нэгум кьыщІэнэжьу.
Абы и щхэр кьызохуэкІ, ауэ я кьонэжьыр г угъуэхь пщІэнщэу.

И щэхур кьуаргъым чыхум хэтщ, абы сымыщІэ сыщІыхьэри.
ИтІани си псэм ар кьыхуэтщ, ар сщІэмэ псори кьэсщІэн хуэдэ.

Жьыг щхьэкІэм кьуаргъкъэр польэтыкІ, Іэпхъуэжьым ещхьу зэрызехьэу.
Жьыгыжьри куууэ хощэтыкІ, зыхищІэу хьу ар зэрригъэзаІуэ.

Я ныбжьыр кьуаргъэм тхьэмпэм тельщ,
я хуабэр кьыхэнащ кьудамэм.
Игу ныкъуэу жьыгыр жьыжь пхоплъ, псэхугъуэ гуэр егъуэт итІани.

Уадэпсэчу кІуарэгъэм лугъущ, уадэпсэльэныр - гугъуэхь пщІэнщэ.
Жьыгым гупсысжьІэ сыщІыгъущ, имыщІэж гуэрэ кьызощІжьыр.

Абы и щІагъым щесхьэкІащ наблдэгъубдзапльэ сабиигъуэр.
Сыщигугъаи кьыхэкІащ жэщ кІыфІым кьриштауэ кьуаргъхэр.

Иджы сыхэкІыркъым бэлъхь, захъуэж зэрпытщ зыпысщІэм гъащІэр.
И пльэкІэр кьуаргъым сэ схуэмыхь, си кьуанщагъ куэд абы кьыхощІр...

* * *

ЩІэкІуэсыкІыу йокІуэкІыр си гъащІэр, сыщІэпсэуэм щыщ кэуди сІэщІоеІ.
Сужэгъунщ, псэр зи щІысар кьзэгъащІи, гугъэр щэхур зэбжкІым йопщІжІ.

Ацкъан Руслан и усэщІэхэр

Махуэр нуру хобзахэ илъэсым, жэщыр ныбжьу хохьэжьар абы.
Си псэр, абыхэм яльэмыІэсми, ещхьщ зэсахэм кІэльыхьжэ сабийм.

Зззэмызи сІэщІокІ гукъыдэжьр, пэмыплъэфу нэхуплъэ кьыщІыуу.
Ар шы хьыжьэу йольадэ губгъуэжьым, щы гьунэншэр щилъагъуакІэ - мэупщІыІу.

Псэр Іэнкунщ махуэ кІыхьым итІанэ, ауэ бамПІэу дэкІынщи зы жэщ - Ар пщІэжьыкъым гумаэзу щытауэ, щІыр кьигъапльэу аргуэру ежьэнщ.

ГъащІэм хьыхь гъуэгуанэм щымащІэ - зым кьыпещэ, адрейм егъэкІэщІ. Сыхуоэзш, сыздыхэтым, мы гъащІэм, имыкІ щІыкІэ ар сигу кьэкІащ...

* * *

Бгым дэкІ гъуэгум сабэр кьоцэщ, нэм кьыщІепхъэ, сыхоуэри Іэгукіэ.
Ар зыхуейри занщІэу кьэсщІащ - сигъэщІэнущ сабийм и джэгукІэ.

Кьызэдэжьэгуу гъуэгум зыщІедз, сыхуриджэу кьысщохьэр зыгуэрым.
Бгым щхьэдэхмэ - здэкІэр кьэсщІэнщ, дэнэ сишэми щІыгъуу сыкІуэнущ.

МыдэІуэжу си гур кьолъэ т, си щхьэц тхъуар хогъуэщэжьр гъуэгу сабэм.
КьэзгъэщІам джэгу куэд сыхэплащ, ауэ нобэ кьекІуэкІыр хьэпсэгъуэщ.

Абы хэту жьышх уэ кьыкІу оу, пшэр дэуфІыщІр уэшх ин кьыкІэльыкІуэу.
Дунейм тхъу збзащхьуэмэ щегъэу, щыблэ щэрыуэр щызэкІэльыуэм.

И джэгукІэр уафэм зэгъэщІщ, абы хуэхьэзыри бгъуэтынукъым.
ПапІэзыпІэм Іэнкун сыхьэщ, гъуэгум, мес, кьызоплъэкІыр Іэнкуну.

И нэ псыфхэмкІэ ар кьызоплъ, сщІаржт, псальэу щытам, жиІэнур.
Сэ аргуэру щІыбгъэм сыкьол, гукъыдэжьи си фІэщ мыхьу кьельну...

* * *

Си пащхьэм уисщ. Уи нэгур пшагъ уэщ.
А пшагъуэм гъэхэр зэпхоскІ.
Уи ныбкъыр пльытэу уи куаншагъэу кьысщохьэри си гур пекьэзыкІ.

И щІыІэр уи псэм кьылъэІэсрэ - щхьэц кьетхуэхам уеІэб зэпытщ.
Шы емыльджьыр зыгъэІэсэу щыта уи пльэкІэм псэ хэмыт.

Боубыдри си Іэр - уи Іэбэкіэм кьыхэщыр адэм и гущІэгъуэ.
Сызыгъэдзыхэр нэхьыбэжу арауэ иджьпсту кьыщсюхьу.

Сыщыщынакъым сэ лІэныгъэм, уи лЫгъэр псэкІэ зыхэсщІэжу.
Иджы Іэнкунщ си щІыльэнкьыхэр, адрейм абы хуещІыж гущІэгъу.

Сэ зыхьэзощІэ япэ дыдэу езым си гъащІэр здынэсар.
Ныщхьэбэ си псэр зыпэрытыр гъэ ЩІэдым сху зэжуахьэсат.

Щытащ уи гъащІэмкІэ сыпсэууэ, кьыщгурымыІуэми езым.
ЩІыбдзэгъуэщІыр гугъуехь псори кьэсауэ сфІощІри - сыхьэзырщ.

Гу лЫзымыт ауэ уи щытыкІэм кьыпщІагъэхъуну сохьыр гугъу.
Уи гъащІэр кьыззэрыгу зтыжтэм, си гъащІэм хъунут сыщІыгугъ.

* * *

Уежьэжьыну мыг угъу, уэдэкІуэнуращ Іуэхур.
Мы щІымахуэр икІыху нэхьыфІ хьунщ зэхуэхьэхьум.

Уежьэжьыну мыг угъу.
Нэхъ тыншыжщ укъэнэну, ухъуу хабзэм и гузэгу бгъэззщІэну кьалэнщ.

ГурыІу эгъуэщ а псор.
ГурыІу эгъуэу кьэнэжжьым, кьыумыльытэмэ псэр.
Дэнэ пхьыпн псэм и зэшыр?

Упсэуну мыгугъу, зыми щыщкъым улІэну.
Кьэна гъащІэр икІыху тегуэшащ си кьалэныр...

* * *

Нобэрей жьапщэр хьэ щэхурыпхъуэщ, кьопхъуэ кьудейуэ кьимыгъэнэж.
КьрихьэкІ уэсыр уи нэм кьыщІихъэу уи хьуреягъым щокІэрэхьэуэж.

КьокІэрэхьэуэкІри ГъуэгУ тоувэжьр, апхуэдэу щыхьэкІи жьыжь Іумыкі.
Нэр здынэплъысьм кьыщоувЫэжьар, зыгуэр абдежьм игу щыпымыкІ.

Уэс зэщІэщыпщІэм хэсщ, зиудыгъауэ.
ТЭкІу зыспІлъыхьжьмэ, си нэр хуэзэнщ.
Льыр зэрыкуэпльэ теуэгъуэ хьуажьым, - и зэраныгъэм хъуащ сыхуэзззш...

* * *

КІуэрыкІуэм тегу вагъуэ кьрихьэхт, нужь игъыхьи - льэмыІэст жыг тхьэмпэм.
Уэту псор кьипщынт зы льагъуэ ирикІуэ ху, жьэхэуэу мывэм, пиудыжу льапэр.

И гущІэр дыгъэр кьипсэу зэІухат, абы и льэгуэм щІыльэм зыкьыщихьэрт.
Абы и пльэкІэм си дунейр кьыхэщт, сымыщІэт ар сэрэуэ кьыщІысщІыхьэр.

Арщхьэкіэ сыкъегъанэрэн сщхьэщокІ, ар щІалэу кьонэ, сэ сеубыдыр жьыгъэм.
Кьыстегушхуэну хьуар абдежьм щокІ, иджы зысхьумэжьныырщ си лэжьыгъэр.

Псэм и кьарур хохьэжж хуэм-хуэму щІым, кьегъэкІ зы удэ нэхъ мыхьуми, кьыщІэІунщІэ у.
КІуэрыкІуэм тетым сшэчыр имыщІэн, нэхъыфІщ ар здэкІуэр сэрэ зэрызмыщІэр...



Сурэтхэр
ПАЩТЫ Герман *ищІащ.*

* * *

Гухэль ипсхьэуу утыку сыкьыкьэжжьым, си гурыщІэм кьызоощІыкІыр щэжу.
Сянэм фэрэ фхуэстхар зэхэслъхьэжьр зэхэззэгъэжащи - псэм и нэхущ.

Сянэм фэрэ фхуэстхар зыщІэль пэшыр адрей пэшхэм куэдкІэ йохуэбзкІ.
ГукъэкІыжх зр кьызоощІыщІапэжу си гупсысэр жэщхэм кьадокІуэжьІ.

Кьыщьхьэщоувэжьри ди унащхьэм, нурым ещхьу, куэдрэ кьыщьхьэщытщ.
Си гупсысэр пэльэщьжжкъым гъащІэм, ирихьэжьэу жьыжь Іуих зэпытщ.

Гухэль ипсхьэуу утыку сыкьыкьэжжьым, льагъуныгъэм пхуэзмышьк и гугъу.
Сянэм фэрэ фхуэстхар зэхэслъхьэжьри - гухэль Іэфіу щыІэр хь ущ зэщІыгъу.

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ

Пьехэ Эдитэ и вагъуэ

Урыс эстрадэм и вагъуэ мыужьых Пьехэ Эдитэ кьыщалъхуа махуэмрэ илъэс 50 хъуауэ уэрэд зэрыжиІэмрэ игъэпэпІащ мы махуэхэм.

ЗИ ДАХАГЪЭМР Э гуакІуагъэмрэ мыкІуэщІ, зи макъ гущІэгъэджэмкІэ лъэхъэнэ зыбжанэм я щІэблэр дзэлъхьэ Эдитэ Франджым кьыщалъхуащ, лъэпкъкІэ Польшэм щыщщ, ауэ и макъамэ творчествэр тыхь зыхунщІари, зи цІыхубэ артистхэри Урысейращ. Нэхъыжь куэдым ящІэж абы урысей эстрадэм ягъэ лъабакъуэхэр зэрыщІчар икІи абы лъандэрэ зыми зимыхьэжьа хуэдэу Эдитэ а зэрыщытщ. Уэрэджыакіуэ цІэрыцІэм иджы игу кьегъэкІыж абы щыгъуэм зыми ямыцІыку модельер Зайцев Вячеслав хуиц бостейхэр Франджым кьыщищэуа тельыджэ гуэру пщащэхэм кьащьхьэу, утыкум кьызэрихьэ вакъэхэр пуду щащэк тыкуэнхэм чэзум хэтурэ кьыхихьу зэрыщытар.

Ящыпсту Пьехэ Эдитэ Санкт-Петербург и Іэгъэзблагъэхэм щиІэ унэм щопсэу, кьалэ Іэуэльауэм пэжьыжьэу. ЗэрыжиІэмкІэ, ар сэрэм игъэщІащ, и сабийгъэр щигъэкІуэ Франджым зыщІэса унэм ещхьу.

Археолог лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ

Москва Кремлым щокІуэкІ археолог лэжьыгъэхэр. Иджыпсту ІэщіагъэлІхэм яджыр Боровицкэ Іуащхьэм метрипщІ и кууагъыу щІэхьума щэнхабзэ хьуГуэфІыгъуэхэрщ.

18-нэ лІащІыгъуэм мыбдеж щытащ жьыг хадэ, члисэ, кьулъшыырыфм кьедза пщІантІэхэр, ауэ, кьхуэтэныгъэхэм наІуэ кьызэращІамкІэ, мы щІымпІэм щІыхуэхэр кьыщІтІысхьар 14-нэ лІэщІыгъуэщ. Абы щыгъуэм а щІы Іыхьэм и статусымкІэ Кремль сэрэм храгъэубыдат кІи абдеж щыпсэуг пщым и бльгуцІэтхэр, пщэрыльэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ ящІыкъущІэхэр зиІэ дин Іэжьаклуэхэр. Абыхэм щыхьэ т тохьэ мы щІыпІэм кьыщыщІаха Іэщіэ-фащэхэр, унагъуэ хэпшыпІ лъапІэжэр, жор зэмылІэужьыгъуэ хэр.

Тхьэгъуш уэздджынэ

Санкт-Петербург дэт Петропавловскэ быдапІэм кьыщызэІуахащ хабзэ хъуауэ прагъэкІуэкІ карелпон (тхьэгъуш уэздджынэ) концертхэр.

АПХУЭДЭ макъамэ Іэмэпсымэм еуэф музыканхэм кьызэрымыкІуэ кьару яІэн хуейщ: Іэкіэ ягъэхьелі тхьэгъуш бзэгъуэкІ хьэлъэщ. Японхэм карелионым щыхэкІ «макъамэ каратэ» жаІэ. Апхуэдэу щыт пэтми, октавипІ хъу диапазоным Іэмал кьыует Бах и Іэдакъэщэкіхэм щегъэжьауэ иджырей джаз макъамэхэм нэс ирибгъэзэщІну.

Макъамэ Іэмэпсымэр ин дыдэми, абы игъэІу макъыр Петропавловскэ быдапІэм и гьунапкъэхэм кьыфІкІырклъхьэм.

Зэхуэзыхьэсар
НЫБЭМЪ Тансэщ.

ЗЫГЪЭГОКІУЭ МАХУЭМ
Мальхъадис

● ТхакІуэхэм я гъащІэм щыщ

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэ жэщ

Гоголь Николай и творчествэр хэІэтыкІа дыдэу кьылыпІэжыртэкьым. «Рождеством и пэ кьихуэ жэщыр» тхын ихуа нэуэ, ар куэдрэ егупсысащ трыригъэдэнрэ трыримыгъэдэнрэ икІи и ныбжьагъуэм ечэнджэщ.

Абы хэту, Илъэсыщ1э жэщым абы деж нэжэгужэу кьылэлъэдащ и цІыхугъэ гуэр.

- Сыт апхуэдизу гукьыдэж кьэзыгъ? - щ1эупщІащ Гоголь.

- Дауэ? Рождеством и пэ кьихуэ жэщыр гуэхэхуэкІэ! Ар тельыджэщ! -Пэжуг?

Пщэдджыжьым Гоголь Николай и Іэрытхыр тхыль тедзапІэм ихьащ.

Уи шыр узэримыгъусэм щхьэкІэ

Зэгуэрым Твен Марк театрым кІуат. Спектаклым щІидзэн и пэ кьихуэу абы деж фащэкІэ зэщыхуэпыкІа, шырыкъушхуэ зыщыгъ офицер кьыщІыхьащ. ТхакІуэр къэзэджщ, щхьэщэ хуиущІри жриІащ:

- ФыщІэ пхузощІ.

- Сыт щхьэкІэ? - щ1эупщІащ офицерыр.

- Уи шыр уи гъусэу укьыззэрыщІэмыхьам щхьэкІэ, - итащ жэуап Твен.

Дызэхуэдэщ

Испан тхакІуэ Ибаньес Бласко хъыбарегъащІэр зыкІэрылъ пхъэбгъум деж кьыщыбыІащ. Ауэ и нэгъуэджэр кьыщыгъупщати, дауэ имыщІми, кьеджэфыртэкьым.

- УкъызідэІэрыкъуфыну пІэрэ? - зыхуигъэзащ абы пЭмыжьыжьэу щІыт лІыжьым.

- Хьэуэ! - итащ жэуап лІыжьым, - сэри куэдкІэ сыкъыпкІэрыхуркъым, акъылышхуэ сиІэкьым.

Щыуагъэ кьытхуэхь

Литератор зыбжанэ Одессэ щыІэхуэзэрэ, рестораным щІыхьащ.

Куприн Александр меню епЛрри, Іэнэзехьэм зыхуигъэзащ:

- Орфографие щыуагъэу Іыхьи 6 кьытхуэхьыт.

- Апхуэдэ кьыфхуэсхьыфыну - кьым, дызэримыІэм кьыхэкІыу, - жиІащ Іэнэзехьэм.

- Дауэ фызэримыІэр, фи менюм куэду итщ апхуэдэ, - ауан хэльу жиІащ Куприн.

● Фэ фщІэрэ?

Вагъуэхэр зэрадж ыр

ДИ НЭМ кьыщтэ уафэм кьыщахутауэ ватІуэ метардхэр щыІэщ. Абыхэм я нэхъ гъунэгъу дыдэм унэсын щхьэкІэ, нэхум и псынщІагъыр пІыгъыу махуэ 650-кІэ абы унэсыну аращ. А ватІуэм зэреджэр Денебщ. Ар щыпІьагъыр гъэмахуэрщ. Ди кьэралым щыпІьагъу ватІуэхэм ящыщу нэхъ ди гъунэгъу дыдэр СириускІэ зэджэрщ. Ар Дагъэм нэхьрэ зэрыныхъ иныр хуэдэ 1,7-рэщ. Абыи илъэси 8-рэ мази 7-кІэ унэсыфыну аращ. Урысейм и уафэм щыпІьагъу ватІуэхэм ящыщу нэхъ жьажъэ дыдэр РигелькІэ зэджэрщ. Ар Дыгъэм нэхьрэ хуэдэ 90-кІэ нэхъ инщ. Абыр Дыгъэмрэ яку илъэс 1100-рэ дэлъщ. Ди щІыпІэм щхьэщыт уафэм щыпІьагъу ватІуэхэм ящыщу нэхъ гуащІэ дыдэр РегулкІэ зэджэрщ.

ВатІуэхэм я хуабагъыр зэхуэдэкъым. Къапщтэмэ, ватІуэ кьащхьэхуэхэр куэдкІэ нэхъ гуащІэщ адрейхэм нэхьрэ. Абыхэм я хуабагъыр градус мин 25-м кьыщыщІэдзауэ хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъ инщ.

ВатІуэ нэхъ щІыІэхэр плъыжьхэрщ. Абыхэм я нэхъ цІыкІу дыдэм и щхьэфэм щтІыкІыр градус минрэ щ1ехьу. Апхуэдэу зэрыщІтырыщ кьызыхэкІыр ватІуэхэм я нэхьыбэм газыр зэрыщытещІэр.

ватІуэхэм я химие зэхэлъыкІэрыр ешІэрщ зэмылІэужьыкІэхэрэ кьащІэ. Иужьрей эмаными хуабжьу кьаІуэсэбэп радиотелескопыр. Абы кьехутэф ватІуэхэм я нурым и кьарур, и химие зэхэлъыкІэр, нэгъуэщІхэр. Ауэ абыхэм щызекІуэ гелиймрэ водородымрэ епльытмэ, ахэр зы ткІуэпсщ. Кьапщтэмэ, ди дыгъэм и процент 70-р водородщ, процент 28-р - гелийщ, адрей процентитІ куэдейрщ мыдрей химие пкъыгъуэ псоми яхуэзэр.

УЭРЫШ Нурхьлий.

● ФызыкІэтыплтыж

ЦІыхум и тІеплъэм куэд елъытащ

ЦІыхум и теплъэрэ («нимидж» - инджылызыбэм кьыхэкІащ, «теплъэ» - ньИлЫу аращ) зыльытар ар зыІущІэм кьыхуиІэну щытыкІэр. Зи теплъэр кьызыхуэпшІэм (абы хохьэ: хьэлщэнкІэ, зыхуэпэкІэр, псэлъэкІэр, нэгъуэщІхэм кьыхуащІ гульытэм зэрыпІэжэк1ыкІэр, гуапагъэр, акъылыфІагъэр, Іульдыжьк1ыу зыхъуэ гупым пщІэ кьыхуащІынущ, я дзыхь кьрагъэзынущ.

Ауэ кьыщыхуэ щыІэщ, езыр губзыгъэми, лъжьыгъэм зыщІмыдзеиуэ щыІтхэм, теплъэ кьэкІуэм зэрыщыщІэм кьыхэкІыу гулыитэнщэу кьаиІ. Ар кьжьыбгуэ кьызыхэкІыр щыхуэ зэрызыкІэлъымыпІьыжьыщ. Щыгъын дахэ зыщыпІтІагъэкІэ, телефон лъапІэ пІыгъкІэ, машинэ кьежьагъащІэ уикІэ зэфІэкІыркъым. Щыхуэ зэкІэлъыкІуэу щытын хуеищ сыт и лъэныкъуэкІи - ищхькІэ зи гугъу тщІа псоми екІун хьэлщэн, щІыхуэ хэтыкІэ иІэн хуеищ.

Зи гугъу тщІы теплъэр уиІэн папщІэ, ІэщагъэлІэм захуэбгъаз эхъунущ. ИнджжмейкеркІэ зэдджэкэм, нэгъэщІу жьыпІэмэ, стилистикэмкІэ, бзэмкІэ, хабзэмкІэ ІэщагъэлІэм абы теухуа чэнджэщэр кьратыфынущ. Абыхэм зэхуэсыщхуэхэм фызэрызэпыным и закъуэкьым фызыкІуагъэсэнур, атІэ щхьдахэ кьыцфкалтхъэфынущ, фи психикэм и зэхэтыкІэр кьывгурагъэІуэфынущ.

● ШхынигъуэкІэ

КІэртІофрэ лырэ зэгъусэу

Шхынигъуэр щащІкІэ халъхъэр: кІэртІоф грамм 500, лы хьэжа грамм 250-рэ, хьэжьгъэ бжэмыщх, сэхуран дагъэ бжэмыщх, помидори 3, шатэ грамми 100, кхъуей тхъуэнщІа грамми 100, зы лавр тхъэмпэ, шыгъу, шыбжий.

1. Лы хьэжар дагъэкІэ богъажьэ. Хьэжьгъэр богъажьэри, псы стэканкІэ зэІыбоХьэ. Ар лым гъусэ хубощІыжри, шыгъу, шыбжий, лавр тхъэмпэ хэлъу дакъикъи 10-кІэ богъажьэ.

2. Хъурей пІащІэу зэтебгъэжа кІэртІофым щыщ дагъэ зыщцыхуа тебэм иболъхъэ, абы лы хьэжар тыболъхъэ, аргуэру кІэртІофыр, итІанэ лыр тыболъхьэж.

3. Помидорри бзыгъэу зэтыбогъэжри, кІэртІофыпэра абыр зэблакІыу и щхьэм тыбогъэзагъэ.

4. Абы шатэ тыбокІэ, хуэщІ тхъунщІар тыбогъэщэжри, духовкэкІэ богъажьэ.

● Хъуэжъуэр

Фыуэ тлъагъу «Адыгэ псалъэ» газетымкІэ дехъуэхъуну дыхуейт ди къуэрылъху цІыкІум и мазуэ лъапІэмкІэ. Побэ и ныбжьыр илъэсипщІ ирокъу Бекъаады Алинэ. Узынщагъэ быдэ иІэу, гурыфІыгъуэр и куэду, Бекъаады тлъпкІыр зэрыгушхуэн пщащэ Іумахуэ тхуэхъуну дыхуохъуахъуэ.

И адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ.

Шыщхьэ1ум и 5-р Хьэтуей къуажэм щыщ Къанло Артур ипхъу Алинэ цыкІу и махуэ лъапІэщ

Фыуэ тлъагъу ди пщащэ цІыкІум узынщагъэ быдэ уиІэу, гуфІэгъуэмрэ дэржьагъэмрэ уи Іэпэгъуэ, уи насып ватІуэр ІыдУ, уи мурадымрэ къащІэмрэ зэтехуэу, уи акъылыфІагъэм псори иригушхуэ благъэхэмрэ кьыщыхьэщыту дуней щІэращІэм уг еэзэжу ТхъэмугъэпсэУ!

Уи адэшхуэ-анэшхуэр, уи адэ-анэр, уи шыпхъу цыкІу Алмирэ, Арсен, Аминэ, Амир, Айдемыр.



Шыщхьэ1ум и 5-р Шал Ахьмэд цыкІу къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс прокъу

Ашэмэз хуэдэу ульэщу, Жэбагъы хуэдэу уІуащу, Адыгэ хабзэр уи гъуаэзу, Анэдэлъхуб5эм ухуэщІэрыуэу,

ЩІэныгъэ инхэр уи бащэу Илъэс куэдкІэ упсэуну Дыпхуохьуахьуэ!

Уи адэшхуэ-анэшхуэхэу КъуэщІысокьохуэхэ Нурхьэлийрэ Хьэлимэтрэ.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэкІэр

ЗэхэпщІыкІыу зэхэлъкІыр

Гъуэгу захуэ тету уи яп итым щапхъэ тепхыу укІэлъыкІуэныр гуГькъым.

ЖаІэр зигу изыубыдэфыр набдзэгубдзаплъэу щыт цІыкІыр.

Джонсон Сэмюэл, *иджылыз усакІуэ, критик, лексикограф.*

Гъэсэныгъэм щыпэхъыщхьэр гъэсакІуэр зыхуэдэрщ.

Писарев Дмитрий, *урыс публицист, литературэ критик.*

Псальэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **2**. МэракІуэ плъыжь-фЫщІафэ. **8**. Удз дэжей. **9**. ПІхъм кьыхощІыкІа кумбыгъэшхуэ. **13**. Дзэзешэ. **14** ЩІакхъуапхъэ. **15**. Зауэ къоэщІылІауэ кьыппэщІэт. **16** ПІхъэ Іэмэпсымэ. **17**. Псы щта. **18** Щыуанышхуэ. **22** ... дзыусц. **23** Аруан районым щыщ кьуажэ. **24**. ЕгъолеяуэпшэрІ. **25**. КІапсэ кьызыхах кьэзыгъэ. **27**. Хадэ зиІэм зэрихьэ Іэмэпсымэ. **28** Щатэм, тхъуцІынэ гъэвжаи и дагъэ. **31**. Зи гъэгъар плЫжьыфэ-фЫщІафэ удз. **32**. Жыг дЭжьыгъуэ. **33**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Мэсей Аслъэнджэрий щалъхуа кьуажэ. **36** Гъавэ лЭжьыгъуэ. **37** Гъэсныныхъэ. **41**. Бжьыфэм кьыхащІыкІ кьэп. **42**. ГъэшхэкІ. **43**. Хьэкъущыкъум щыщ. **44**. Зи ... исым и уэрэд жеІэ. **47**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и ЛІыхубэ артист. **48**. Бгырыпхъщхъэ. **49**. Мывэгг задэ. **50**. ЗэкъуэшитІрэ ... зыІут кьамэрэ. **51**. Зыгуэр пфІэгуэныхь зэрыхьэм кьуит гурыщІэ. **55**. Шым и фэ. **56**. «... нур» - КІыщокьуэ Алим и роман. **57**. Илъэс 30-м нэблагъэкІэ СССР-м хамэ къэрал Іуэхуэхмкі и министру лэжьа. **59**. Нэхьапэм адыгэм гуэгуэн, кьубгъан хуэдэхэр кьызыхащІыкІыу щыта гъущІ пІащІэ.

Къехму: **1**. Щы кьуда. **2**. Жану лъа джатэ. **3**. ПлЫжьыфэ, е мыГрысэ ... **4**. Нарт хэм я гъуКІэ. **5**. Колхоз председателу щыта, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь. **6**. Гукъыдэж зимыІэ, зи гур иуда цІыкІу. **7**. Мынэхьыжь, мынэхьыщІэ. **10**. ГъэушІэдж щІыІутетІ. **11**. Бырыб, зэкІэщІэпхьа. **12**. ... зорымы-тым Іэтэ иригъэзвэ. **19**. Блэжьей лІэужьыгъуэ. **20**. Литературэ тхыгъэ. **21**. МахуэщІэ. **22**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **26** Хадэм ирагъэувэ бзугъащІэ. **27**. Жьапщэпхуэ, уэс е уэщх щІэту, **29**. ГъукІэ Іэмэпсымэ. **30**. Хьэпщхупщ шынагъуэ. **34**. Зэадзэзэкъуэ: адэр КъБР-м и цІыхубэ усакІуэщ, къуэр - шыкІэпІэшынаугъ, уэрэджыІакІуэщ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистщ. **35**. Апхуэдэ цІыхух хэмытмэ, къэзгъэлІыгъэр дахэ хъуро? **38**. Іэщ цІыкІу. **39**. ЩІакхъуэ зэрагъэтэжаг шыкІуртІым щІыкІу. **40**. Іэщ гуартэ. **45** НысащІэр япэу и дыщ зэрыкІуэж хабзэм апхуэдэу йоджэ. **46** «Ди «Спартакъыр» щыдзэгу лигэм хэт футбол команди». **52**. Мыжъжьэ. **53**. Фы зигу кьыпхуимыль, ульэпэрапэмэ зыфІэфІ. **54**. Фэбжь. **55**. Кавказым щыщ кьэралым и хьалащхъэ. **58**. Мэш хьэуаэз.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэгуэгъуэм и 28-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **6**. Кьаздэхъу. **7**. Хьэх. **8**. ГъэсащІ. **11**. Дашу. **12**. ШэнтхьеІ. **13** Унэжь. **16**. Иуан. **17**. Акъужь. **18**. Лацэ. **23**. ЩоджэнщІыкІу. **24**. КІэмыргуей. **26** «ГыгЪ». **27**. Хьэхъхъ. **28**. ЩІэнщІ. **33**. Сонэ. **34**. Шыбзыхъыу. **35** «Аида». **38**. «Мазагъуэ». **39**. Хуэздз. **40**. Пщыгъуэщ.

Къехьу: **1**. «Таукъан». **2**. Хьэгъур. **3**. ЩЭбзтыкъуэ. **4**. «НЭхущІ». **5**. Ашэмэзэ. **9**. «ГулЭ». **10**. Бжей. **14**. Лъагъуныгъэ. **15**. Къашыргъэ. **19**. Сос. **20**. «Сын». **21**. Кьуздз. **22** Бел. **25** ЗэІуэзэщІ. **29**. Сосмакъ. **30**. Шыхьуэ. **31**. Ахъуэхъу. **32**. АлдыгэлІ. **36**. ЩагъуэІ. **37**. Мышэ.

● Фэеплъ

ІкІам псорри дыщыгъуаэзт: Аруан къуажэрщ къыщалъхуари, щеджари, унагъуэ щиухуари. ЖЬКЪУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэр кьызэриухрэ Аруан къуажэ курыт ЕджапІэм и гуащІэр ирухыу щылэжьат, зэфІэкІыу иІэ псори фІагъ лъагэ иІэу зригъэхъулІэфырт, цІыху кьуари арэзы ищІыфырт, игъэгуфІэфырт. Езыми гуапэ кьызыпІэкІуэ и ІуэхущІафэхэм дзрэжэгъуэ кьритыжьурэ, гухэхъуэ щымыщІэу дунейм тетт.

И узынщагъэр кІэщІми, Нинэ и лъжьыгъэм хэщІу пльагъуртэкъым. И фэ тІэкІур пихуами, и нэ дахитІым щІэлпльагъуэр гуапагъэрэ хуабагъэрэ, ушэм игъэдзыхэу зэи зыкъыуиГъэльагъунутэкьым. И адыгэпсэм нэгъэущІу кьыхуидзу кьыщІэкІынтэкьым. Сэ мызэмыгІэу зэхэсхат абы иригъаджэхэм я адэ-анэхэм, кьуажэдэсхэм Нинэ щхьэкІэ жаІа псалъэ гуапэ куэд. «Сыту емызэшыхь», «Сыту Іущ, сыту куэдым гу льитэрэ?», «ГуапэщІ, шыІэ хэлъу кьэпсалъэ», «Адыгэгу кІуэщІыпІ абы!»... МыпхуэдизкІэ псальэхэм дэри дримыгуфІэу кьанэртэкьым.

Щысабийм щегъэжьауэ Нинэ и гъащІэм и кьеКІуэкІы-кІам псорри дыщыгъуаэзт: Аруан къуажэрщ къыщалъхуари, щеджари, унагъуэ щиухуари. ЖЬКЪУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэр кьызэриухрэ Аруан къуажэ курыт ЕджапІэм и гуащІэр иухыу щылэжьат, зэфІэкІыу иІэ псори щІэблэ гъэсэным хуиунэтІат.

Куэд къимыгъэщІами, куэд хуэзэфІэкІащ Кьардэн (ХьэпащІэ) Нинэ. Класс щІыб лэжьыгъэ гъащІэгъуэнхэр утыку зэрыкІуэрэ Аруан къуажэ курыт ЕджапІэм и гуащІэр иухыу щылэжьат, зэфІэкІыу иІэ псори щІэблэ гъэсэным хуиунэтІат.

Нинэ и кърихьэжьэ Іуэхугъуэхэм сыт щитхуи кьригъэблагъэрт егъэджэнагъэ Іэнатіэр езыхьэкІыу щыта нэхъыжьхэр, лэжьыгъэм и пІалъэу абыхэм ябгъэдэлъыр къыхэзыщІэныем пылът, я чэнджэщхэр кьигъэсэбэлырт.

Илъэс куэдкІэ екъулІэныгъэ иІэу егъэджакІуэу лэжьа Блэнау Фатимэт Нинэ щхьэкІэ жиІат: «Абы кьиІэт Іуэхугъуэхэр щылпльагъукІэ, сыпсэуащэрэт, сэри щІалэгъуалэм зыгуэркІэ сэбэп сахуэхъуащэрэт, жьбоІэ. ГъащІэ Тхьэм кьрит а цІыхубзым, куэд хуэзфІэкІынущ абы. Ди ефкапІэр, кьыдзыкуэтей щІэблэр Нинэ хуэдэ цІыху жьыджэрхэм Тхьэм щимыгъащІэ!».

Кьуажэм дэс цІыкІуми инми гукъынэжьэ щыІэщ: Нинэ и зэрдэмкІэ Аруан курыт еджапІэм цІыху куэд кьызэщІиубыдэу щекІуэкІа «Си бзэ - си псэ, си дунейм» республикэпсо зэпеуэр. Абы кьрикІуаеу щыта текІуэныгъэм - ди еджапІэр а зэпеуэм ипкъ иткІэ республикэм щынэхъыфІу кьызэрагъэпытат - Нинэ и гуащІэшхуэ хэльащ. Ар кьальытэри кьэпщытакІуэ гупым «Дахагъэм и дуней» унэтІныныгъэмкІэ щІыхь тхыльыр абы кьыхуагъэфэщат. Абы и зэхуэдэкъым Нинэ и лэжьыгъэм кьэрал гупльитэу кьыпэкІуар: абы иІэт КъБР-м ЩЭнхабзэмкІэ, Егъэджэнгъэмрэ щІэнныгъэмкІэ министерствэхэм я щІыхь тхыльэ зыбжанэ.

ЩІэныгъэ, зэфІэкІ, гугъэ дахэхэр куэду бгъэдэлъами, ватІуэхэм Нинэ къыгъэІуэ нейр: зэтехуакьым абы и мурадрэмрэ и гъащІэмрэ. Ауэ, Тхьэм и фЫщІэкІэ, ар лъэужьыншэ хьуакьым. Абы зэхиубла Іуэху щыхьэпэжэхуэщу адэкІэ зыгъэкІуэтэн лэжьэгъуэр кьигъэнащ. Нинэ кьызэринэкІащ и Іыхьлыхэр, и анэкьиплъу Іэфіхэр, ауэ псом нэхьрэ нэхъ гущІыпІэр - и дыгъитІым - Дахэнагъуэрэ Джримэсрэ - гу зэращимыгъуарщ, абыхэм я гуфІэгъуэ хэлпъэну зэрыхэнэмысарщ. Кьрехъу я щыкІуитІыр я анэм и хьуэпсапІэу щытахэр я гъэзэу, акъылыр, зэфІэкІыр, насыпыр я Іэпэгъуэ.

Фыір кІуэдыркъыми, зи гъащІэри зи зэфІэкІри гъащІэм хэль дахагъэр гъэбэгъуэным зэуэнэтІауэ псэуа ХьэпащІэ Нинэ кьэзыщыІуэ щыта псоми я гум куэдрэ итыныщ.

КЪУМАХУЭ-ЩОДЖЭН Галинэ,
езъэджакІуэ.
Аруан къуажэ.

● ФызыкІэтыплтыж

ЦІыхум и тІеплъэм куэд елъытащ

ЦІыхум и теплъэрэ («нимидж» - инджылызыбэм кьыхэкІащ, «теплъэ» - ньИлЫу аращ) зыльытар ар зыІущІэм кьыхуиІэну щытыкІэр. Зи теплъэр кьызыхуэпшІэм (абы хохьэ: хьэлщэнкІэ, зыхуэпэкІэр, псэлъэкІэр, нэгъуэщІхэм кьыхуащІ гульытэм зэрыпІэжэк1ыкІэр, гуапагъэр, акъылыфІагъэр, Іульдыжьк1ыу зыхъуэ гупым пщІэ кьыхуащІынущ, я дзыхь кьрагъэзынущ.

Ауэ кьыщыхуэ щыІэщ, езыр губзыгъэми, лъжьыгъэм зыщІмыдзеиуэ щыІтхэм, теплъэ кьэкІуэм зэрыщыщІэм кьыхэкІыу гулыитэнщэу кьаиІ. Ар кьжьыбгуэ кьызыхэкІыр щыхуэ зэрызыкІэлъымыпІьыжьыщ. Щыгъын дахэ зыщыпІтІагъэкІэ, телефон лъапІэ пІыгъкІэ, машинэ кьежьагъащІэ уикІэ зэфІэкІыркъым. Щыхуэ зэкІэлъыкІуэу щытын хуеищ сыт и лъэныкъуэкІи - ищхькІэ зи гугъу тщІа псоми екІун хьэлщэн, цІыху хэтыкІэ иІэн хуеищ.

Зи гугъу тщІы теплъэр уиІэн папщІэ, ІэщагъэлІэм захуэбгъаз эхъунущ. ИнджжмейкеркІэ зэдджэкэм, нэгъэщІу жьыпІэмэ, стилистикэмкІэ, бзэмкІэ, хабзэмкІэ ІэщагъэлІэм абы теухуа чэнджэщэр кьратыфынущ. Абыхэм зэхуэсыщхуэхэм фызэрызэпыным и закъуэкьым фызыкІуагъэсэнур, атІэ щхьдахэ кьыцфкалтхъэфынущ, фи психикэм и зэхэтыкІэр кьывгурагъэІуэфынущ.

● ШхынигъуэкІэ

КІэртІофрэ лырэ зэгъусэу

Шхынигъуэр щащІкІэ халъхъэр: кІэртІоф грамм 500, лы хьэжа грамм 250-рэ, хьэжьгъэ бжэмыщх, сэхуран дагъэ бжэмыщх, помидори 3, шатэ грамми 100, кхъуей тхъуэнщІа грамми 100, зы лавр тхъэмпэ, шыгъу, шыбжий.

1. Лы хьэжар дагъэкІэ богъажьэ. Хьэжьгъэр богъажьэри, псы стэканкІэ зэІыбоХьэ. Ар лым гъусэ хубощІыжри, шыгъу, шыбжий, лавр тхъэмпэ хэлъу дакъикъи 10-кІэ богъажьэ.

2. Хъурей пІащІэу зэтебгъэжа кІэртІофым щыщ дагъэ зыщцыхуа тебэм иболъхъэ, абы лы хьэжар тыболъхъэ, аргуэру кІэртІофыр, итІанэ лыр тыболъхьэж.

3. Помидорри бзыгъэу зэтыбогъэжри, кІэртІофыпэра абыр зэблакІыу и щхьэм тыбогъэзагъэ.

4. Абы шатэ тыбокІэ, хуэщІ тхъунщІар тыбогъэщэжри, духовкэкІэ богъажьэ.

● ФызыкІэтыплтыж

ЦІыхум и тІеплъэм куэд елъытащ

ЦІыхум и теплъэрэ («нимидж» - инджылызыбэм кьыхэкІащ, «теплъэ» - ньИлЫу аращ) зыльытар ар зыІущІэм кьыхуиІэну щытыкІэр. Зи теплъэр кьызыхуэпшІэм (абы хохьэ: хьэлщэнкІэ, зыхуэпэкІэр, псэлъэкІэр, нэгъуэщІхэм кьыхуащІ гульытэм зэрыпІэжэк1ыкІэр, гуапагъэр, акъылыфІагъэр, Іульдыжьк1ыу зыхъуэ гупым пщІэ кьыхуащІынущ, я дзыхь кьрагъэзынущ.

Ауэ кьыщыхуэ щыІэщ, езыр губзыгъэми, лъжьыгъэм зыщІмыдзеиуэ щыІтхэм, теплъэ кьэкІуэм зэрыщыщІэм кьыхэкІыу гулыитэнщэу кьаиІ. Ар кьжьыбгуэ кьызыхэкІыр щыхуэ зэрызыкІэлъымыпІьыжьыщ. Щыгъын дахэ зыщыпІтІагъэкІэ, телефон лъапІэ пІыгъкІэ, машинэ кьежьагъащІэ уикІэ зэфІэкІыркъым. Щыхуэ зэкІэлъыкІуэу щытын хуеищ сыт и лъэныкъуэкІи - ищхькІэ зи гугъу тщІа псоми екІун хьэлщэн, цІыху хэтыкІэ иІэн хуеищ.

Зи гугъу тщІы теплъэр уиІэн папщІэ, ІэщагъэлІэм захуэбгъаз эхъунущ. ИнджжмейкеркІэ зэдджэкэм, нэгъэщІу жьыпІэмэ, стилистикэмкІэ, бзэмкІэ, хабзэмкІэ ІэщагъэлІэм абы теухуа чэнджэщэр кьратыфынущ. Абыхэм зэхуэсыщхуэхэм фызэрызэпыным и закъуэкьым фызыкІуагъэсэнур, атІэ щхьдахэ кьыцфкалтхъэфынущ, фи психикэм и зэхэтыкІэр кьывгурагъэІуэфынущ.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэкІэр

ЗэхэпщІыкІыу зэхэлъкІыр

Гъуэгу захуэ тету уи яп итым щапхъэ тепхыу укІэлъыкІуэныр гуГькъым.

ЖаІэр зигу изыубыдэфыр набдзэгубдзаплъэу щыт цІыкІыр.

Джонсон Сэмюэл, *иджылыз усакІуэ, критик, лексикограф.*

Гъэсэныгъэм щыпэхъыщхьэр гъэсакІуэр зыхуэдэрщ.

Писарев Дмитрий, *урыс публицист, литературэ критик.*

● ХьэбарегъащІэ

Контрактфэ цыхьыгъу фщІану фыдунейм

Налшык къалэм и военнэ комиссариатым зи ныбжьыр илъэс 40-м щхьэдэмыхьау запасым щыІэхэр контрактІэ дзэм кьулыкъу щащІэну иредж, Кавказ Ищхьэрэ военнэ округым и дзэхэм хагъэхьэн щхьэкІэ.

Дзэ кьулыкъур контракткІэ езыхьэкІыну хуейхэм Налшык къалэм и военнэ комиссариатым зыхуагъаз хьунущ мыпхуэдэ зэщІапІэмкІэ: Краснодар щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Безрокъуэ Хужь Сэхьид и пхъур зэрылІар икІи дунейм ехьжам и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ хуогъазэ.

КъБР-м ЩЭнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК къэрал Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ Іуфхэм гуауэ ящыхъуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Безрокъуэ Хужь Сэхьид и пхъур зэрылІар икІи дунейм ехьжам и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ хуогъазэ.

КъБР-м ЩЭнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм я редакцэхэм, «Іуащьмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ республикэ полиграфкомбинатым хъыбар фагъащІэ республикэм и журналист нэхъыкъ дыдэхэм ящыщ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Иофин Михаил Завельевичыр** зэрылІамкІэ икІи дунейм ехьжам и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъазэ.

НапэкІуэцІыр зигъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маринэ, Ныбжьы Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; еІэзэжьэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр этехуэ

ЗЫЛЪЫКЪУЭКІЫНЫР.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокІ.

КъБР-м ЩІнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элл, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэзу Щоджэн Инэ (1,4-нэ пп.), Табыц Динарэ (2,3-нэ пп.).** ***Компьютерхэр газетым и тепльэр ящІащ:*** **�щакІуэ Мадинэ,** ***сурэтыщІ*** **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.037● Заказ №2347